ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№52 (24.178) ● 2021 гъэм накъыгъэм (майм) и 18, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІУЭКІУЭ Казбек:

Жыджэрагъ, ерыщагъ, жэуаплныгъэ тхэлъу дэтхэнэри ди Іэнатіэ дыпэрыттмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъри зэрызедгъэужьыфынур си фІэщ мэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и Унэм дыгъуаэ къыщыпсэлъащ КЪБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъазэм теухуауэ.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм, Федерацэмкіэ Советым я депутатхэр, КЪБР-м и Правительствэм, министерствэхэм, ведомствэхэм, Конституцэ Судым, Суд Нэхъыщхьэм, Арбитраж судым, хабзэхъумэ органхэм, щыналъэхэм, КЪБР-м и Хэкэкіуэ комиссэм, Жылагъуэ палатэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, дин зэгуэхьэныгъэхэм я унафэщІхэр, политикэ партхэмрэ творческэ зэгуэхьэныгъэхэмрэ я лЫкІуэхэр, журналистхэр, блогерхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и къэпсэлъэныгъэр къыщригъажьэм жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Конституцэм къызэригъэувым ипкъ иткІэ, республикэм щыщыІэ щытыкІэмрэ 2021 гъэм ирагъэкІуэкІыну политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ къызыхэщ Зэрызыхуагъазэр утыку къызэрырихьэр.

- Ди гъэщІэм зэхуэсыныгъэшхуэкэ къыхэзыльхьа пандемием дызригъэува щытыкІэмкІэ къыщІэздзэну сыхуейщ си къэпсэлъэныгъэр, - жиІащ КІуэкІуэм. - Дуней псор, ди къэралыр зэрыхуа щытыкІэм къыхутащ ди республикэри.

УФ-м и Президентым и унафэкІэ, штаб хэха къызэдгъэпэщри, щытыкІэм къытхуигъуэв къалэнхэр занщІэу дгъэзэщІэн щІэддзащ. Япэмахуэмщегъэжьауэ, дэ тхузэфІэкІ къэдгъэнакъым ди цІыхухэм я узыншагъэр тхъымэн, уз зэрыщІалэм бэлыхь дыхимыдзэн щхьэкІэ. Сымаджэщу 9-м гъэльапІэ 1850-рэ щІэдгъэуващ коронавирусыр къызыпкърыхьэхэм папщІэ.

Федеральнэ центрым цІыху миныбгъэ 0,5 гъэльапІэ къызэдгъэпэщыну къытхуигъэува щхьэкІэ, дэ а бжыгъэр - зы, итІанэ тІу тщІащ икІи сымаджэщхэр зыхуеину Іэмэпсымэ псори щІэдгъэувэну тхузэфІэкІащ. Псори зэхэту къащтэмэ, сымаджэщхэм сом мелуан 748-рэ и уасэ Іэмэпсымэ 1500-м щигъу щІэдгъэуващ. Блэкіа пІалъэм кІуибыдэу дэІэпыкъуэгъу псынщІэ машинэу - 28-рэ, абы щыщу 11-р реанимобилиш, машинэ псынщІэу 24-рэ къэтщэхуащ.

Сымаджэщхэм я лэжьакІуэхэм я упахуэхэм хущІагъэн папщІэ сом зы мелардрэ мелуан 600-рэ хуэдэтІыпщащ, абы щыщу сом мелуан 537-р республикэ бюджетым щыщщ. Амбулаторхэм зыщызыгъэхъуж сымаджэхэм хущхъуэ пщІэнэзу ехьэлІэныр япэу къыззэгъэпэщахэм ди республикэр ящыщщ.

КІуэкІуэ Казбек фІыщІэ яхуищІащ а лъэхъэнэ гугъум узыфэ бзаджэм пэщІэта дохутырхэм, медицинэм и лэжьакІуэ псоми. Апхуэдэуи «Роспотребнадзор»-м и лэжьакІуэхэм я гугъуехьыр гулъытэнщэ зэрымыхьуар къыхигъэщащ. Эпидемием пэщІэта цІыху 53-м Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я дамыгъэ лъапІэхэр хуагъэфэщащ.

КІуэкІуэм къыхигъэщащ лъэхъэнэ гугъум Урысейм и Президент Путин Владимир и кІалэныр фІыІуэ зэригъэзэщІар, цІыхубэм я гъащІэмрэ узыншагъэмрэ хъумэным къэралым къарууэ иІэр зэрыхуиунэтІар.

КЪБР-м и Іэтащхьэм жиІащ иджыри коронавирусым и шынагъуэ зэрыщцІэр, хэкІыпІэ нэхъыщхьэу къыльытэр вакцинэр зыхегъэпхьэныр зэрыарар.

КІуэкІуэ Казбек жиІащ, щытыкІэр сыт хуэдэу гугъуу щымытами, республикэр кІалэн нэхъыщхьэхэм зыхуей хуэзэу зэрыпэлъэщар. Кризисым зэрыпэщІэтын Іэмалхэр кІагупсысуэр Іэнатіэхэм я лэжьыгъэр къэзэрагъэпэщащ. Псом нэхъри нэхъыщхьэрати, зэи къэмыхъуауэ, унагъуэхэмрэ сабийхэмрэ къэрал дэІэпыкъуныгъэшхуэ иратащ. Зи ныбжьыр илъэси 3-7-хэм ит сабий мин 63-м сом меларди 4,5-рэ хуаутІыпщащ. Іэнатіэнэ зхуэхэм хухах хабзэ ахъшэр хуэдибликІэ нэсу зэхуэдгъэкІуэн ылъэсыр, республикэм и зэхэту къапщтэмэ, республикэм и цІыхухэм псэукІэ и лъэныкъуэкІэ защІэгъэкъуэным сом мелард 17 хухахащ. Гулъытэ нэхъыбэ зыхуащІахэм ящыщщ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэнкІэр. 2020 гъэм а Іэхуэм трагъэкІуэдащ сом меларди 8,1-рэ, абы щыщу меларди 6,7-р федеральнэ ахъшэщ. Апхуэдэщ узыншагъэр хъумэн Іэнатіэм и мылъку-техникэ лъабжьэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ ящІахэри. Псалъэм папщІэ, медицинэ Іэхуэщ Іапіэхэм медицинэ техникэу 1289-рэ къыхуащэхуащ.

2020 гъэм сабий 1520-рэ зыщІэхуэну Іэхуэщ Іапіэ 22-рэ ухуэн яхащ, ар зи школ кІуэгъуэ мыхъуа ныбжьыщІэхэм папщІэщ. Курыт еджапІэу 2 яухащ, зым 500, адрейм 250-рэ щІэхуэу. Курыт еджапІи 100-м я мылъку-техникэ лъабжьэр кІагъэщІэрэщІащ, иджырей мультимедийнэ техникэхэр щІэту. Апхуэдэуи къуажэ школ спорт пэщу 18 зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ. Гъэ еджэгъуэм зэрыщидзэрэ егъэджакІуэ мини 5-м я упахуэм сом мин тхурытху хущІагъу, класс упахуэщІ къулыкъу зэрызэрахьэм папщІэ. 2020 гъэм фокладэм и 1-м щегъэжьауэ пащІэдзэ классхэм щІэс сабий псори ягъашхэ. Ар еджакІуэ мин 50 мэхъу. Физкультурэмрэ спортымрэ зэрыгагъэфІакІуэ Іэхуэхэм къпащэу, спорт Іэхуэщ Іапіэу нэгъабэ 30 яухащ, Іэхуэщ Іапіэ 44-м къыщагъэсэбэпыну спорт хъэпшыпхэр къыхуащэхуащ. ЩІыналъэ 7-м Щэнжабэмкіэ унэу 9 щызэрагъэпэщыжащ. Балъкъэр къэрал драмэ театрыр зэрагъэпэщыжри, кІэзэІуахьжащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Псэущхьэхэр хьэщхьэрыІуэ узым щыхъумэным хуэгъэза мардэ пыухыкІахэр (карантин) Тэрч муниципальнэ районым хыхьэ Курп Ищхьэрэ къуажэм щыгъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Тэрч районым хыхьэ Курп Ищхьэрэ къуажэм и щыналъэм хиубыдэу псэущхьэм хьэщхьэрыІуэ уз къызэрыщеуэлІам къыхэкІыу «Ветеринариемрэ и Іуэхукіэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м, «Хьэщхьэрыіуэ узым земыгъэубгъуным икІи ар гъэкІуэдыным хуэгъэзауэ профилактикэ, диагностикэ Іуэхухэр зэрырагъэкІуэкІ, мардэ пыухыкІахэр, кІынэмыщІ мардэхэр зэрагъэув ветеринарие хабзэхэр къыщтэным теухуауэ» Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкіэ и министерствэм 2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м къищта унафэ №705-м тету икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм и унафощІым №938-02-630-м щІэту 2021 гъэм накъыгъэм и 14-м къигъэхьа тхыгъэм ипкъ иткІэ, хьэщхьэрыІуэ узыр гъэкІуэдыным хуэунэтІауэ:

1. Хьэщхьэрыіуэ узымкіэ эпизоотикэ щІыпІэу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Тэрч район, Курп Ищхьэрэ къуажэ, Набережнэ уэрамдэкІ, 5 адресыр зытехуэ уней лъапсэр.

2. Мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа щыналъэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) щагъэув икІи абы къриубыдэу хуит ящІыркъым:

узыр зэуэлІа псэущхьэхэм щеІэзэну;

производствэ (технологие) Іуэхуэр, узыр зэуэлІэнкІэ хъуну псэущхьэхэр зехьэри хэту, зэфІэзыгъэкІ лэжьакІуэхэм, Урысей Федерацэм и Къэрал ветеринарие къулыкъуІапІэм и системэм щыщ органхэмрэ организацэхэмрэ я Іэщ ІагъэлІхэм, узыфэр гъэкІуэдыным теухуауэ къащта лэжьакІуэхэм, эпизоотикэ щІыпІэу къалъытам щыпсэухэмрэ абы пІалъэкІэ къэкІуауэ ирихьэлІахэмрэ нэмыщІ, а щІыпІэм нэгъуэщІ цІыхухэр кІуэну;

узыфэр зэуэлІэнкІэ хъуну псэущхьэу хьэщхьэрыІуэ узым и бий вакцинэр махуэу 179-рэ мынэхьыбэ япэкІэ зыхалъхьахэм нэмыщІ, лыуэ яукІыну псэущхьэхэри яхэту, а щІыпІэм ирашэну е кърашыну;

узыфэр зэуэлІэнкІэ хъуну Іэщыр зэхадзыну е зэхагъэхьэну;

псэущхьэ лІахэм я фэр трахыну;

хьэкІэкхъуэкІэхэм я бжыгъэмкІэ мардэхэм кІэлъыплъныным нэмыщІ, узыфэр зэуэлІэнкІэ хъуну губгъуэ псэущхьэхэм ещэкІыну.

3. Хьэщхьэрыіуэ узымкіэ щытыкіэ дзыхьщІыгъуэдзэ здэщыІэ щІыпІэу къалъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Курп Ищхьэрэ къуажэм и щыналъэр.

4. Мы унафэм и пункт 3-м къыщыгъэлъэгъуа щІыпІэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) щагъэув икІи абы къриубыдэу хуит ящІыркъым:

узыр зэуэлІэнкІэ хъуну псэущхьэхэр зэхэдзыныр, зэхэгъэхьэныр зыпыщІа жармыкІэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр (сату Іуэхуэхэр), кІынэмыщІ Іуэхуэхэр ирагъэкІуэкІыну;

узыр зэуэлІэнкІэ хъуну псэущхьэхэр я щІыпІэм ирашыну;

узыр зэуэлІэнкІэ хъуну хьэкІэкхъуэкІэр зоопаркэм ираты папщІэ къыбыдыну.

5. Мы унафэм и 2-нэ, 4-нэ пунктхэм япкъ иткІэ ягъэува мардэ пыухыкІахэм (карантинымрэ) къару яІэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и унафэкІэ ахэр а щыналъэм щхьэщхьжьыху.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм хуэгъэувын хьэщхьэрыІуэ узыр гъэкІуэдыным хуэгъэза Іуэхуэр Тэрч муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм щІыгъуу зэхилъхьэу игъэзащІэну.

7. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

2021 гъэм накъыгъэм и 14-м №58-РГ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ УФ-м зыхъумэжыныгъэмкІэ и министр Шойгу Сергей иригъэкІуэкІа видеоселектор зэІущІэм

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иджыблагъэ хэтащ Урысейм зыхъумэжыныгъэмкІэ и министр Шойгу Сергей и унафэщІу екІуэкІа видеоселектор зэІущІэм.

ЗЭХУЭСЫР теухуауэ щытащ щІалэгъуалэм дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэ егъэгъуэтыным ехьэлІа Іуэхуэм. ЗэІущІэм хэтхэр онлайн мардэм тету тепсэльыхьащ Урысейм и щыналъэ псоми «Авангард» щІэныгъэ-методикэ центрхэр къыщызэгъэпэщыным ехьэлІа Іуэхуэм. Абы и къудамэхэм я къалэнхэм ящыщщ дзэм къулыкъу щащІэным зи ныбжьыр нэса щІалэгъуалэм хэкупсэ гъэсэныгъэ ятыным щІыналъэхэм щелэжьыныр. Шойгу Сергей къыхигъащащ къызэрагъэпэщакІэу апхуэдэ центр 27-рэ къэралым зэрыщыІыр, адрейхэр къызэІуахынущ коронавирусым и зэранкІэ ягъэува мардэ ткІийхэм къытекІыжа нэужь. ЗэраубзыхуамкІэ, апхуэдэ центрхэр яІэнущ зи Іуэхы бжыгъэр мини 100 хъу е абы нэхъри нэхъыбэ щыпсэу къалэ псоми, - жиІащ зыхъумэжыныгъэмкІэ министрым.

Проектыр Урысейм и Президент Путин Владимир къалэн къызэрыщищІам икІи иткІэ егъэзащІэ УФ-м Зыхъумэжыныгъэмкіэ и министерствэм.

УФ-м зыхъумэжыныгъэмкІэ и министр Шойгу Сергей зэІущІэм къыщыхилъхьащ зи гугъу ящІ зэгуэхьэныгъэхэр къэралым и щыпІэ псоми къыщызэІуахыну икІи къыхигъэщащ мы зэманым «апхуэдэ центрхэм икъукІэ дыхуэнэкъуэ зэрыхъуар».

КЪБР-м Цыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм пщэрылъ пыухыкІахэр хуащІащ зэІущІэм кърикІуахэм ягъэ иткІэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Ухуэныгъэмрэ инфраструктурэм ехьэлІа проектхэмкІэ штабым и зэхуэс

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ ухуэныгъэмрэ инфраструктурэм ехьэлІа проектхэмкІэ штабым и зэІущІэр.

АБЫ и лэжьыгъэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іи я упэ къуэдзэ Къуныжь МуІэд, КЪБР-м транспортымрэ Къутитуцэмрэ и Министерствэ Дыщэкі Асльэн, КЪБР-м ухуэныгъэмрэ пэлъэпкъ-коммуналь хозяйствэмкІэ и министр Бэрбэч Алим, Налщык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз.

ЗэІущІэм щызэпкърахащ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ щыубзыхуа ухуэныгъэхэу мы зэманым екІуэкІхэмкІэ лэжьыгъэр здынагъэсар.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащІащ социальнэ объектхэмрэ псэупІэ ухуэнымрэ. Республикэм и Іэтащхьэм зэІущІэм хэтхэм ягу къигъакІыжащ ухуэныгъэр лъэныкъуэ псори зэпэлъытауэ егъэкІуэкІын зэрыхуейр: инженер коммуникацэхэр, гъэзэгухэр укъуэдиныр, уэрамхэр къызэрагъэнэху, шынагъэншагъэр къызэрызэрагъэпэщ Іэмэпсымэхэр унэхэм ешэлІэныр.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщхьэхуКІащ проектхэр и чэзум гъэзэщІэным зэран хуэхъункІэ хъуну санитар-эпидемиологие лъэпкъщхьэпо гуэрхэр мы зэманым зэрыщымыІэр икІи абыхэмкІэ жэуап зыхьхэм ахуигъэващ ухуэныгъэхэр езыгъэкІуэкІхэм я лэжьыгъэр щызэфІагъэкІын хуей пІалъэм къитІэсэнымрэ фІагъымрэ я нэІэ трагъэтыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

ЦІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІа къалэн нэхъыщхьэхэр еубзыху

ЕГОРОВЭ Татьянэ, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі:

Мыгъэрей Зэрызыхуагъаззэр адрейхэм къащьэощкІ купщІафІэу, пыухыкІауэ зэрыщІытымкІэ. Къалэн нэхъыщхьэу къыщыгъэлъэгъуар ди цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныгщ. Ар нэхъыбэу зытегъэщІари сабийхэмрэ унагъуэхэмрэ ядэІэпыкъуныгщ. Федеральнэ центрым унагъуэхэм зэрадзэпэщкуну щІэуэ игъэбелджылахэм нэмыщІ, ди республикэм бынунагъэшхуэхэм яхухих ахъшэр иджыри щыІэнущ. Абы хохьэ сабий етхуанэ, абы къыкІэлъыкІуэ къызыхэхъуа унагъуэхэм я псэупІэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ сом мин 250-рэ зэрыратыр.

Зэрызыхуагъаззэм гулъытэ хэха щегъуэт республикэм и экономикэр егъэфІэкІуэным. Абыхэм ящыщщ техникэм льагэ зиІэ промышленнэ, мэкъумэш Іэнатіэхэр, зыплъыхьакІуэ-зыгъэпсэхуакІуэхэм зэрапыкъуэкІ хуэІухуэщІэм зегъэужьыныр. КЪБР-м и Іэтащхьэм къигъэлъэгъуа а унэтІныгъэхэр пІалъэ кІыхьым тещІыхьащ, ауэ дызэрыт илъэсым щІапхъэхэр пыухыкІауэ къыхигъэщащ.

Сыт хуэдэ Іуэху и гугъу имыщІами, занщІэу къалэнхэр къигъалъэгъуащ Іэтащхьэм. ЩІэн хэмылъу, Парламентым хэтхэм Зэрызыхуагъаззэр гъэзэщІа зэрыхъуну щыкІэм теухуауэ дэ ди къалэныр икІэщыпІэкІэ зэхэдгъэувэнущ. Дызэгъусэу дызэдзлажьэмэ, республикэм и зыужьыныгъэм хуэунэтІа а Іуэхугъуэхэр зэрытхузэфІэкІынум щэч хэлъкъым.

АФЭЩІАГЪУЭ Михаил, «Урысей зэкъуэт» фракцэм и унафэщі:

Зэрызыхуагъаззэм и гугъу щысщІкІэ, Іыхьитіу згуэшынт. Япэ Іыхьэм КЪБР-м и Іэтащхьэр 2020 гъэм екІуэкІа лэжьыгъэм зэпкърыхуэу щытепсэльыхьащ. Псом нэхъри нэхъыщхьэрати, коронавирусым еБэныныкІэ КЪБР-м и Правительствэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэмрэ абы къыпэкІуамрэ, УФ-м и Правительствэм къыдигъэкІа мардэхэмрэ ахэр ди лъахэм гъэзэщІа зэрыщыхьуамрэ, хущхъуэхэмкІэ цІыхубэр къызэрызэрагъэпэщамрэ ахъшэкІэ зэрызыщІагъэкъуамрэ я гугъу ищІащ. Ветеринарэ центрым къытхуигъэува къалэнхэм нэмыщІ, республикэр лъахъэнэ гугъум зэрыпэлъэщар къыхэщащ Іэтащхьэм и псалъэхэм. КъищынэмыщІауэ, нэгъабэ щыІа Зэрызыхуагъаззэм къыщыхьауэ щыта Іуэхугъуэхэр гъэзэщІа зэрыхъуам убгъуауэ тепсэльыхьыжащ.

ЕтІуанэ Іыхьэм хуабжу гурыІуэгъуафІэу къыщыгъэлъэгъуащ зыужьыныгъэм и Іэмалхэр. Абы хохьэ УФ-м и Президент Путин Владимир и Зэрызыхуагъаззэм къыщыгъуува къалэнхэри, республикэм щызэфІэхьыпхъэу Іэтащхьэм кІыльытахэри. Ахэр екъэлІащ, экономикэм, псэукІэм, нэгъуэщІхэм. ЩхьэхуэУ къыхэзгъэщыныщ сымаджэхэр хущхъуэкІэ къызэгъэпэщыным, хъэрычэтыщІэ Іуэху цІыкІухэмрэ курытхэмрэ зегъэужьыным, псэупІэ-коммуналь хозяйствэр зыхуей хуэгъэзэным ехьэлІахэр. Абыхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, цІыхухэр нобэ нэхъ хуабжу зыгъэгузавэщи.

ЩХЬЭГЪЭПСО Сэфарбий, «ЩхьэнтІэхэр» фракцэм и унафэщі:

Адрей Зэрызыхуагъаззэкэм къыздрыщхьэщыкІар, дауи, дуней псом щыщыІа щытыкІэм елъытауэ ди зэрыплэжьарщ, дызэрыпсэуарщ. Япэ Іыхьэр аналитикэ дэфтэр гъэзэщІ хуащІ, сыт хуэдэ унэтІныгъэми ІыпІэсу. ЕтІуанэ Іыхьэр зэрызэхэтыр къалэнхэмрэ Іуэхугъуэхэмрэщ. Дэтхэнэ министерствэми ведомствэми езым ищІэн хуейр нэрылъагъуу игъэбелджылащ республикэ унафэщІым.

УзыгъэгуфІэу хэтар сыт жьпІэмэ, уз зэрыщІалэм къиша гугъуехьхэм ємыльытауэ, бюджетым мылъку хъарзынэ къызэрызэхъуарщ, къэралыр щІыхэм зэрадзэІэпыкъуфарщ. Иджыри мы гъэм апхуэдэ ахъшэхэм поплъэ. Ещанэу зи гугъу сщІыну сызыхуейр, кууэ зэпкърымыхами, сыт хуэдэ унэтІныгъэми и экологие щытыкІэрщ. Абы екъэлІауэ щапхъэ куэд къихьащ икІи гу лъатэн хуэдэу къыхигъэщащ. Псалъэм къыдэкІуэу жьпІэмэ, егъэджэныгъэ, щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ Іапіэхэр сабийхэм я дежкІэ шынагъэншэу щытын зэрыхуейрщ. ПэщІадзэ классхэм щІэс сабий мин 50-р школхэм щагъэшхэну жиІащ. Абы узыншагъэ, зэІуэзэпэщынигъэ кърикІуэнущ.

лъэщ хъуащ, сыт хуэдэ унэтІныгъэми лъэІэсу. ЕтІуанэ Іыхьэр зэрызэхэтыр къалэнхэмрэ Іуэхугъуэхэмрэщ. Дэтхэнэ министерствэми ведомствэми езым ищІэн хуейр нэрылъагъуу игъэбелджылащ республикэ унафэщІым.

УзыгъэгуфІэу хэтар сыт жьпІэмэ, уз зэрыщІалэм къиша гугъуехьхэм ємыльытауэ, бюджетым мылъку хъарзынэ къызэрызэхъуарщ, къэралыр щІыхэм зэрадзэІэпыкъуфарщ. Иджыри мы гъэм апхуэдэ ахъшэхэм поплъэ. Ещанэу зи гугъу сщІыну сызыхуейр, кууэ зэпкърымыхами, сыт хуэдэ унэтІныгъэми и экологие щытыкІэрщ. Абы екъэлІауэ щапхъэ куэд къихьащ икІи гу лъатэн хуэдэу къыхигъэщащ. Псалъэм къыдэкІуэу жьпІэмэ, егъэджэныгъэ, щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ Іапіэхэр сабийхэм я дежкІэ шынагъэншэу щытын зэрыхуейрщ. ПэщІадзэ классхэм щІэс сабий мин 50-р школхэм щагъэшхэну жиІащ. Абы узыншагъэ, зэІуэзэпэщынигъэ кърикІуэнущ.

НОБЭ

♦Музейхэм я дунейпсо махуэщ. 1977 гъэм Музейхэм я дунейпсо советым и XI конференц нэхъыщхьэу Москва щекІуэкІам къыщыщащ музейхэм махуэ хэха яІэным теухуа унафэр.

♦УФ-м и Балтие флотым и махуэщ

♦Тыркумэн Республикэм и Конституцэмрэ и Къэрал ныпымрэ я махуэщ

♦Мэзым жьгъэр щыхъсэным и урысейпсо махуэщ

♦Кърымым щыпсэу лъэпкъхэр я хэкум заныбжьыкІэ щрашым хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ

♦1268 гъэм мысыр мамлюкхэм Антиохиер яубыдащ.

♦1642 гъэм франджыхэм Монреаль (Канадэ) щыпІэр псэупІэ ящІауэ, кІалэм и лъабжьэри ягъэтІылъауэ щытащ.

♦1764 гъэм Петербург Урысейм щыяпэ къыщыщэІуакІэ щІыхубзэм папщІэ еджапІэр (Смольнэ институтыр).

♦1780 гъэм пащтыхыгъуэр зыІэщІэлъ Екатеринэ ЕтІуанэм Санкт-Петербург къалэм и гербым теухуа унафэм Іэ щІидзащ.

♦1804 гъэм Наполеон Франджым и императору ягъэуващ.

1925 гъэм Адыгэ Республикэм и лъэпкъ музейр къызэІуахащ.

♦1958 гъэм Канны къалэм щекІуэкІ 11-нэ кинофестивалым «Дыщэ пальмэ кудамэ» саугъэтыр къыщыхуагъэфэщащ СССР-м щытраха «Летят журавли» фильмым.

♦2005 гъэм Москва и ЦСКА футбол командэм УЕФА-м и Кубокыр къихьащ.

♦Къэжэр усакІуэ цІэрыІуэ, математик, астроном, философ **Хайям Омар** къызэралъхурэ илъэс 973-рэ ирокъу.

♦Урысейм и иужьрей пащтыхь, къэрал унафэр илъэс 23-кІэ зыІэщІэлъа, **Романовхэ** ящыщ **Николай ЕтІуанэр** къызэралъхурэ илъэси 153-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыакіуэ, Урысейм и цІыхубэ артисткэ **Баяновэ Аллэ** (и унэцІэ дыдэр **Левицкэщ**) къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, УФ-ми КЪБР-ми щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Хъуэкіуэн Хьэзрэталий** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъМУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, КЪБР-м щІыхь зиІэ и агроном **Хьэщіэлі Руслан** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Анэр зыщытхъур и бынщи, быныр зыгъэдахэр къабзагъэщ.

Гу зылъытапхъэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным техуауэ пІэщІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

Жыджэрагъ, ерыщагъ, жэуаплныигъэ тхэлъу дэтхэнэри ди Іэнатіэ дыпэрытмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъри зэрызедгъэужьыфынур си фІэщ мэхъу

(КІэухыр. Пэщіэдзэр 1-нэ нап.).

- Пандемием щытыкІэ гугъу дриГъэува щхьэкІэ, щэнхабзэ Іэухуэр зэи мыхъэтрагъэувыІакъым, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. - Аристхэм, суратыщІхэм, тхакІуэхэм, музейхэм я лэжьакІуэхэм щытыкІэм зыдащІри, интернетыр къагъэсэбэпу Іэуху дахэ, щхьэпІэ куэд ирагъэкІыжащ. Гулъытэ хэха хуащІащ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ зэрырикъум. Абы ипкъ иткІэ, щІалэрэ щІалэрэ псэкупсэ гъэсэныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуащІащ, жылагъуэм я пащхьэм къалэнышхуэ щагъэзэщІащ.

Адэкіэ Іэтащхьэр къытеувыІащ гъуэгу ухуэным ехьэлІа лэжьыгъэшхуэ зэрекІуэкІам. Автомобиль гъэзгу километр 230-рэ зэрагъэпэщыжащ, щІынальъ гъэзгуфІэгъэн уэздыгъэхэр щыфІадзащ (километр 40). Къалэхэмрэ къуажэхэмрэ пщІантІи 122-рэ зыхуей щыхуагъэзащ, жылагъуэ зыгъэпсэхупІэу 34-рэ ягъэщІэрэщІащ. Блэкіа илъэсым фэтэр мин 50 хъу унэхэр яухуащ. Ар процент 5,4-кІэ нэхъыбэщ 2019 гъэм яухуам нэхъыбэ. Кхъаэ хъуа унэхэм щІэс щыхуи 164-рэ псэупІэщІэхэм ягъэІэпэхъуащ.

Къапщтэмэ, нэгъабэ щыІа Зэрызыхуагъаэзм къыщагъпльэгъуа къалэн псори кьанэ щымыІэу зэрызэфІагъэкІар жиІащ Іэтащхьэм. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, республикэ къыхигъэщащ республикэ унафэщІым.

Дяпэкіэ зэлэжьынухэм ящыщу нэхъыщхьэу къыхихащІыкІ Уф-м и Президентым 2030 гъэ пщІондэ ягъэзэщІэн хуейуэ игъэбелджыла лъэпкъ Іуэхухэр. Абы хохьэ узынщагъэр хъумэныр, спортыр егъэфІэкІуэныр, щІыхуэхэм я псэукІэр зэІуэпэщ щІыныкІэ защІэгъэкъэгъэныр, нэгъуэщІхэри. А псомкІи ди республикэм щыщІапхъэхэм зэпкърыхуэу къытеувыІащ КІуэкІуэр. ИкІи жиІащ ЗэрызыхуаГъэзам щыгъэбелджыла къалэн псори гъэщІэн къыгъэрытхуигъэувыр. Абы пэлъэщын папщІэ зэхьэкІэр нэхъри егъэфІэкІуэн зэрыхуейр.

- Власткъм зэІуахуэу, щІыхуэбзм гулъытэ хуащІу щытыныр щи ди щІыхуэхэр къыхэзгъэщІыжынуэ, - жиІащ ТекІуэныгъэр иджырей Іэмалхэр къэдгъэсэбэпу нэхъ бдзэ щІын хуейщ. Президентым и унафэм тету, а Іуэхур нэхъыфІу къыдэхъулІэн папщІэ, ЩІынальэм унафэ хуэщІыныжкІэ центр кхъэзІэутхащ. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыпсэур щыболъагъу онлайн щыкІэм тету, хъыбар куэд къэокІуалІэ, гугъуехьхэр и чэзум яГэзакІуэ, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. - Сыт хуэдэ кьалэн ди пащхьэм щыкмытми, зыхуэгъэзар зыщ - щІыхуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныгъэ. Ар Іуэху кІыІэзэрыгуэкІщ ИкІи гъэзэщІэгъуэфІэщ, уеблэмэ ахэр зэфІэхьныжкІэ Іэмал псори диІэщ. Къэнэжьыр дызэрыгъэгъэнэныгъ, нэгъуэщІхэри. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэ зыми и хэкум и пащхьэ щІиІэ жэуапныигъэр зыхихщІэу, и къэкІуэныр хуэлажьэу щытыпхъэщ. Жыджэрагъ, ерыщагъ, жэуаплныигъэ тхэлъу дэтхэнэри ди Іэнатіэ дыпэрытмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъри зэрызедгъэужьыфынур си фІэщ мэхъу.

1945 гъэм и гъатхэ мазэт. Австрием гъэру нэмыщІ щаІыгъ ди щІыхуэхэр хуит къащІыжу, «фи хэкум фашэжынщ» псалъэхэр я тхьэкІумэм къащІиуам щыгъуэ, нэхъыбэм къагуфІар сыт хуэдизт. Абыхэм яхэт Къэбэрдеим щыщ ди лъэпкъэгъуи - Къэрэгъэш икІыу зауэм Іухьа Мысырокъуэ Хьэмэдэ. ИкІэмикІэжьм абы къыщІихуат илъэсищ ен хъуауэ, зы махуи имыхуу зыщІэхъуэпс, и гур зыхуэпабгъэ щхьэхуитыныгъэм ижь.

ХАМЭ къэрал кърашыжу гъэзгу къыщытеувэжьм гъэру щыта гупшыхуэм къажкІат гуитІщхьитІу зыкъом, «ярэби, ди щІыналъэ дихьэжмэ, нэмыщІэм зевгъэубыдащ» жаІэу дамыгъэзыну узиІэ, дымыгъэзэжмэ, мынэхъыфІу пІэрэ?» жыІэзыІаэр. Ауэ Хьэмэдэ апхуэдэ лъэпкъ и гупсысэм къыхэхуакъым. Ар арэзыт, щІагъэкъуэнщэн лъэпкъ бгъэдэмылъ пэтми, сыт хуэдэ тезырри ишэчыну, и адэжь щІынальэм и лъэр кхьихьэсыж закъуэмэ - и гур, и псэр зыхуэзэщІа и унагъуэр, и Іыхьлыхэр, и хьэблэр, и жылэжьыр ильагъунэ апхуэдизкІэ и нэ кьикІырти.

Арати, гъэру щытахэр кьрашэжащ я хэкум. Кьрашэжа щхьэкІэ я хьэпшыпхэр, дэнэкІэ зы лэжьыгъэ гугъу щыІэми Іуадзэу хамэщІ щита зэманым къуэгуфея мыльку тІэкІухэр зэрылъ я хъуржынхэр Іахри, «фи Іуэхур адэ щызэхэдгъэкІынщ» жаІэри, гупшыхэр зэрыкІыпу Сыбыр лъэныкъуэмкІэ ирашэжьащ. КъуэкІыпІэ Жлыжьэм щашам, Хьэмэдэ илъэс 45-рэ хъурт, и акъыл тІысати, хэлъадэу имыщІапхъэ Іуэхухэм зрипщытынтэкъым. Абы гу лъатат ар зыпэщІэхуаэмэ, мо лІы зэтетыр гугъу ирагъэхьакъым. И Іуэху кІыІэзэрекІуэкІар зэхагъэкІати, тутнакъи ящІакъым, мази кІыІэгъуэкъым, шахтэми щагъэувакъым. Дыщэ кІыІщІэхыпІэм и дыхьэпІэм деж куэбжэр Іуих-хуищІыжу щытащ.

Бийм гъэру яІыгъаэм я дежкІэ бэлыхь тІуащІэт я унагъуэхэри зэхэзэхуэн зэращІар. Іэджэм я Іыхьлыхэр дащри, Курыт Азием е Сыбыр Жлыжьэм къащІыхутат. Абыхэм яхэхуат Хьэмэдэ и унагъуэри. И щхьэгъусэр балъкъэрхэм ящІыгъуу 1944 гъэм дашри, и къуэ щІыкІуитІыр абы щыкІуэдащ, и щхьэгъусэри игуэтыжакъым.

1950 гъэхэм ипэхэм и адэжь щІынальэм къигъэзэжащ Мысрокъуэм. Сытыт кьыхуэнэр зи щхьэгъусэри зи бынитІри зимыІэжьым, жылэм ещхьу псэун хуейтэкъэ - щІэрыщІэу зэригъэпэщыжащ унагъуэ. Абы щхьэгъусэ хуэхъуащ Елмэсхэ япхъу Жанзилэ. УнагъуэщІэ иухуа нэужь, Хьэмэдэ и кьекІуэкІыкІам, абы и щІыхуэ хэтыкІам фІыуэ щыгъуазэу Мысрокъуэ лъэпкъым я нэхъыжь, илъэс 90 зи ныбжь ЪхэтІиф:

- Уэлей, щІыхуэ хъарзынэу диІам лъэпкъым. И мыІуэху зэримыхуэу, лъэпкъыр дыхэзІэришхэу диІащ. Зауэм хэтахэм, гъэр хъуахэм иджы я фІыцІэ мыхъумэ, я Іеиці жаІэжыркъым. Хьэмэдэ мо фашист хьэбыщыбырхэм япэщІэхуэри, хуабжьу гугъу ехьауэ къекІуэлІэжащ. Езыр духьэшыти, «Алыхьым и ней къыпщыхуэ» жиІэу зы щІыхум иримыпэсыфынут. Абы Іей хужьызІэфыну зы щІыхуэ ди жылэм дэскъым. ЩІыхуфІт, нахуэу угъурлыуэ дунейм тетащ.

- Зауэм ипэ и лэжьыгъар арати, Хьэмэдэ хьыжэжащ колхозым. Шыгу зэщІэщІа кьратащ, бригадэхэм псырэ техникэм пкъралъхьэн пкъыгъуэхэмрэ ящхьэшэныр, лэжьакІуэхэр губгъуэм дэшын-къэшэжьныр и къалэныр. НэгъуэщІу жыпІэмэ, лъэкІыр ищІэу, и сэбэп щІыхум зэрекІыным и гуащІэ ирихьэлІэу лэжьащ.

- А лъэхъэнэм, лІэщІыгъуэ кІуам икуэм, ди адэр бзылъхь хэхуэ пэтащ, - жеІэ Хьэмэдэ и къуэ нэхъыщІэ Іэдэмыр, - лэжьэгъуэ нэужьым, щІыхуэбз гуп и шыгум ису къыздехьжьым, кьащІащ я жылэм щыщ участковэр аддэ лъэмыжьым тету кьаЗэрыпэплъэр. Ар хуабжьу лІы ткІийт, щІыхубэхэр кьищыртри, нартыху тІэкІу я гу-фІакІэм дэлъу яхьмэ, кьатрихьыжыт. «Алыхь-алыхь, Хьэжпагуэ дыкъишцынщ», - жаІэу гузэвэгъуэ кьащІыкІэщІэзэрыхьым, «Псым фызэпрыкІи лъэсурэ фехьыж», - яжриІащ ди адэм. Арати, шыгур нэщІу ежьэжри, лъэмыжьым щынэсым участковэр я къыпІэващ щІыхубзэкъэр дэнэ деж щибгъэкІар? - жери. Ди адэм зригъэзымысакъым. Апхуэдэу щІыхуэм, Хьэжпагуэм кІэрахъуэр кьрихри, кьепэбжьаУэурэ ди адэр псым хуиХуащ «узукІынщи, мыбы ухэздзэжынщ, пэжыр ЪхэзжеІэ» жиІэу къеныкъуэкъуу. Аращхьэкіэ ди адэр щыхуТемычым модрейм сыт ищІэнт, хуит кьищІыжащ.

Ауэрэ, зэманыр кІуэурэ, бынитху эздгъэутащ Хьэмэдэрэ Жанзилэрэ. И щІалэ нэхъыжьыр балигъ хъууэ нысэ къыщІыхуишэм, дауи, щыгуфІыкІащ Хьэмэдэ. Кьахьыха нысащІэми, унагъуэ къызыхэхуам щекІуэкІ хабзэр къиштэри, зэгурыІуэ-зэздзІуэжу къэгъуэгурыкІуащ.

- Мы унагъуэм илъэс 46-рэ мэхъу сакъыз эрыхьыхьэрэ, - жеІэ я нысэ нэхъыжь Іэсият. - Тхьэ, си тхьэмадэм и бынхэм япэ сримыгъэщамэ, яужь сыкъримыгъэна. Дыхуей дызэрыхуигъэзэным иужь итащ. Абы дызэригъэсам дытету нобэми допсэу. Къэхьыгъэ пыдзахуэ. 3. Люцернэм адыгэбзэкІэ зэрелджэр. 4. Бжэным фІыуэ зэзысэгъуиц дохъу, пщыпхъуитІи диІэуи, зы унагъуэм хуэдэу дыкъызэздокІуэкІ. Ар нэхъыбэу си фІыщІэр ди гуащэ-тхъэмадэращ. ИтІанэ Іэфпу сигу къэкІыжращ. Си адэмрэ си тхьэмадэмрэ фІы дыдэу зэрыпІагъурт. Мо ГъащІэ зыпІэгъуа нэхъыжьитІыр зэхуэзэамэ, зызэщащІыгъэнщІу Іэджэми тепсэлъыхьжьырт, Іэджи яГу къаГъэкІыжьырт.

Си ГъащІэр гугъуехькІэ гъэнщІауэ, лэжьыгъэр зи натІэу къзгъуэгурыкІуа Мысрокъуэр колхозым къыхэкІыжу зигъэпсэхуну тІысыжа нэужьи, Іуэхуншэ хъуакъым. Сыт щыгъуи иужь итащ сэбэпынагъ гуэр къызэрихьыным. Чэнджэщ хуэныкъуэм псалъэ Іущ яжриІэу, гуфІэгъуэ зиІэм я дэрэжэгъуэр ядиІэту, гузэвэгъуэ къызэлІыкъыкъуэкІым я Іуэху яхудиуы и гъащІэ Іыхьэр ирихьэкІащ. Абы щыгъуэми дунейм ехьыжар зейхэм зы сом къаІимыхьэу. Апхуэдэ щІыхум пщІэ къыхуамыщІу кьэнэнт къуажэм? Абы и щІыхьэтщ лІыжь Іумахуэр зыздэса хьэблэм щыпсэу Шал Хьэбас и псалъэхэр:

- Ди адэр зауэм хэкІуадэри сабийуэ дыкъэнати, Хьэмэдэ нэхъыжьыфІу, чэнджэщ щхьэпэ къыдиту, дызэрыпсэуным дыхуиГасэу зэгъуэнэгъуу дыкъызэздзгъуэгурыкІуащ. Езыр лІы губзыгъэти, и бынхэр щІыху хуэдэ щІыхуу иГъэсащ - псори лэжьакІуэу-псэуакІуэ. Хуеджауэ Хьэмэдэ Кьурїэн ІэщІэлът, щІыху пэжт. Иджы мис, и щІалэ нэхъыщІэ Іэдэмыр си гъунэгъущи, хъарзынэу дыкъызэздокІуэкІ, и адэм и дуней тетыкІам, и жьІэм дытету. Іэдэмыр нэхърэ сэ сынэхъыжьщи, Іуэху къыпльыкъуэкІамэ, къызочэнджэщ, дызэгуроІуэ, дызэдоІэпыкъу.

Бийм гъэру яІыгъаэм нэхъапэхэм эмпІлъ ирату щытащ. Иужьрей илъэсхэр ящІащ властим щІыхуэмэ кьащІыгурыІуар апхуэдэхэм хуэныкъуэ зэрабгъэдэмылъыр. Зэманыр кІуэку, гъэхэр блэлъэтыху, езыхэри нэхъ балигъ хъуху Къэрэгъэш щыгъуэ дэса а лІы уГъурлыр нобэми ящыгъупщэркъым.

МЫІЗ Ахьмэд.

● Фэеплъ

Ноби ящыгъупщэркъым

Зэнысэгъуиц дохъу, пщыпхъуитІи диІэуи, зы унагъуэм хуэдэу дыкъызэздокІуэкІ. Ар нэхъыбэу си фІыщІэр ди гуащэ-тхъэмадэращ. ИтІанэ Іэфпу сигу къэкІыжращ. Си адэмрэ си тхьэмадэмрэ фІы дыдэу зэрыпІагъурт. Мо ГъащІэ зыпІэгъуа нэхъыжьитІыр зэхуэзэамэ, зызэщащІыгъэнщІу Іэджэми тепсэлъыхьжьырт, Іэджи яГу къаГъэкІыжьырт.

Си ГъащІэр гугъуехькІэ гъэнщІауэ, лэжьыгъэр зи натІэу къзгъуэгурыкІуа Мысрокъуэр колхозым къыхэкІыжу зигъэпсэхуну тІысыжа нэужьи, Іуэхуншэ хъуакъым. Сыт щыгъуи иужь итащ сэбэпынагъ гуэр къызэрихьыным. Чэнджэщ хуэныкъуэм псалъэ Іущ яжриІэу, гуфІэгъуэ зиІэм я дэрэжэгъуэр ядиІэту, гузэвэгъуэ къызэлІыкъыкъуэкІым я Іуэху яхудиуы и гъащІэ Іыхьэр ирихьэкІащ. Абы щыгъуэми дунейм ехьыжар зейхэм зы сом къаІимыхьэу. Апхуэдэ щІыхум пщІэ къыхуамыщІу кьэнэнт къуажэм? Абы и щІыхьэтщ лІыжь Іумахуэр зыздэса хьэблэм щыпсэу Шал Хьэбас и псалъэхэр:

- Ди адэр зауэм хэкІуадэри сабийуэ дыкъэнати, Хьэмэдэ нэхъыжьыфІу, чэнджэщ щхьэпэ къыдиту, дызэрыпсэуным дыхуиГасэу зэгъуэнэгъуу дыкъызэздзгъуэгурыкІуащ. Езыр лІы губзыгъэти, и бынхэр щІыху хуэдэ щІыхуу иГъэсащ - псори лэжьакІуэу-псэуакІуэ. Хуеджауэ Хьэмэдэ Кьурїэн ІэщІэлът, щІыху пэжт. Иджы мис, и щІалэ нэхъыщІэ Іэдэмыр си гъунэгъущи, хъарзынэу дыкъызэздокІуэкІ, и адэм и дуней тетыкІам, и жьІэм дытету. Іэдэмыр нэхърэ сэ сынэхъыжьщи, Іуэху къыпльыкъуэкІамэ, къызочэнджэщ, дызэгуроІуэ, дызэдоІэпыкъу.

Бийм гъэру яІыгъаэм нэхъапэхэм эмпІлъ ирату щытащ. Иужьрей илъэсхэр ящІащ властим щІыхуэмэ кьащІыгурыІуар апхуэдэхэм хуэныкъуэ зэрабгъэдэмылъыр. Зэманыр кІуэку, гъэхэр блэлъэтыху, езыхэри нэхъ балигъ хъуху Къэрэгъэш щыгъуэ дэса а лІы уГъурлыр нобэми ящыгъупщэркъым.

МЫІЗ Ахьмэд.

● Ди щІыналъэм

Зэрыбейм и нэщэнэ

Дызэрыщыгъуаэзэщи, ди республикэм и щІыналъэр зыхуэзэр Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм ищхьэрэкІэ гъэза и джабэщІэмрэ абыхэм я лъабжьэкІэ щыІэ губгъуэхэмрэ я курыхьрщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъунапкъэр егъэщІылІащ; ищхэмкІэ - Курджым, кхъьэпІэмкІэ - Къэрэшей-Шэрджэсым, ищхэ-къуэкІыпІэмкІэ - Осетие Ищхьэрэ - Аланием, къуэкІыпІэмкІэ - Ингуш Республикэм, ищхьэрэкІэ - Ставрополь крайм.

ДИ РЕСПУБЛИКЭР щыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмкІэ бей щІыналъэу къалъытэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым псэущхьэ зэмылІэужьыгъуэу куэд щоПсэу. Абыхэм яхэтщ Кавказым фІэкІа нэгъуэщІ щыпІэ узыщримыхьэлІэхэри. Ар къыхокІ икІи кьарикІуащ ди щІыгум щыІагъэ-хуабагъэ, псыІагъэ-гущагъэ я лъэныкъуэкІэ щыщыІэ щытыкІэмрэ лъэхъэнэ кІыхьым хъриубыдэу и геологием къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэ зэмыщхьхэмрэ.

Псэущхьэхэм я нэхъыбапІэм егъэзыпІэ нэхъ яхуэхъури щыпсэupу нэхъ къыхахри мэзэхращ, псом хуэмыдэжу къыр зэхуакуэм зыкъыщІызыІэта жыг гуэрэнэхрщ. Ди «нэхъыщІэ щыкІуэху» псэ зыІутхэм мэзым и зы дэтхэнэ къуапэри я уналІэщ. Зи хьыбар куэдрэ зэхэтх нэрымылъагъу щыкІуэжьейхэм я мызакъуэу, тІэкІу нэхъ иныІуэу ди нэм къыбудэхэми жыгыпкъэр, абыхэм кьапыкІэ тхьэмпэхэр, жыг лъабжьэхэр, езы щІы щхьэфэ дыдэри псэупІэ яхуохьу. Бзу зэмылІэужьыгъуэхэр, кІэпхъэр, мэз дждэр, быльтырыкуэр, нэгъуэщІхэри къудамэхэм тесщ, жыг куГъуанэхэм ищ. Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ узыщрихьэлІэ хьэкІэхъуэкІэхэр щыхь, бжэн, мыщэ, дыгъужь, бажэ, ужьэ, дзыдзэ, уашхэ, елэн (быльтырыку), мэз джду, тхьэкІумэкІыхь, кІэпхъ хуэдэхэращ.

Ди республикэр хэщІапІэ зыхуэхъуа псэущхьэхэмрэ къэкІыгъэхэмрэ ящыщу нэхъ зыхуэсакъыпхъэу зыхуагъэфащэ лІэужьыгъуэхэм я бжыгъэр 220-м нэсэрохьэс. Абыхэм ящыщу 73-р Урысейм и Тхьалъ Плъыжьым иратхащ. Апхуэдэхэр къоув Къэбэрдей-Балъкъэрыр биологие зэмылІэужьыгъуэгъэкІэ зэрыбейм и зы пщалъэуи, дыкъэзыухъуреихь дунейм кьыгуэхьпІэ зимыІэ и зы Іыхьэуи.

Республикэм псыежьхэр и куэдщ. Псы гъэкІийхэм я зыубгъуКІэр дэнэкІи щызэхуэдэкъым: къуршылъэ щыпІэхэм щынэхъ зэпрыуащ, тафэм щынэхъ зэщІэкъуащ.

Псыр бгыщхьэхэм зэрыщыщІыэтыІэм, и къэжэкІэр зэрыщынэхъ кьуейщІейм кьыжкІыу, бдзэжьейуэ хэсри нэхъ мащІэщ, тафэхэм зытезыукъуэдия псыхъэхэм щынэхъыбэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ипсхэм, кьызэрабжамкІэ, бдзэжьей лІэужьыгъуэу 28-рэ хэсщ. Нэхъ щыкІыІуэхэм къищынэмыщІа, ахэр бдзэжьейкъуэлэн, бдзафэ, аргъей, пащІэкІапсэ, бгъэгуплъ хуэдэхэращ.

КЪБР-м ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм ЩАкІуэ ІуэхуэхэмкІэ и департаментым республикэм кІэлъыплъныгъэхэр щІэх-щІэхьыгъэ щрегъэкІуэкІ, хьэкІэжъуэкІэхэр кьыззэращэкІу, бдзэжьей зэрещэ щІыкІэхэр зэжегъэкІ, зыхуимыт зылэжьхэр хабзэм ирешалІэ.

КЪУМАХУЭ Асльэн.

● Ди щІыналъэм

«Къалэ кІуэщІхэмрэ псэупІэ унэхэмрэ» лъэпкъ проектым хиубыдэу, Кьыщпэк къуажэм и теплъэр егъэфІэкІуэныр куэд щІауэ жылагъуэ унафэщІхэм я хъуэпсапІэт.

НАКЪЫГЪЭМ и 9-м ирихьэлІэу Іуэхур кьызыхуэтыншэу кърахьэлІащ. Цыху минитху щыпсэу жылагъуэм дежкІэ ар тыгъэшхуэщ.

Яубзыхуа пІалъэм ФІимышу ухуакІэхэм лъэс зекІуапІэр плиткэкІэ екІуу къращІыкІащ, яГъэщащ тетІысхьэпІэхэр, пкъо даХэхэм фІэпІэ уэздыгъэхэр, пхъэнкІий идзыпІэхэр.

Псом хуэмыдэу цІыхухэр щогуфІыкІ иджырей мардэхэм тету яуха сабий джэгупІэм. ТекІуэныгъэм и сквеграр зэуэ къуэжэдэхэм я кІуапІэ хьуащ. Иджы абдеж щыпІьаГъунущ ныбжь зиІэхэри, щІаиткІэ, къулыкъущІэхэмрэ цІыхубзмрэ я зэпыщІэныгъэр иджырей Іэмалхэр къэдгъэсэбэпу нэхъ бдзэ щІын хуейщ. Президентым и унафэм тету, а Іуэхур нэхъыфІу къыдэхъулІэн папщІэ, ЩІынальэм унафэ хуэщІыныжкІэ центр кхъэзІэутхащ. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыпсэур щыболъагъу онлайн щыкІэм тету, хъыбар куэд къэокІуалІэ, гугъуехьхэр и чэзум яГэзакІуэ, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. - Сыт хуэдэ кьалэн ди пащхьэм щыкмытми, зыхуэгъэзар зыщ - щІыхуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныгъэ. Ар Іуэху кІыІэзэрыгуэкІщ ИкІи гъэзэщІэгъуэфІэщ, уеблэмэ ахэр зэфІэхьныжкІэ Іэмал псори диІэщ. Къэнэжьыр дызэрыгъэгъэнэныгъ, нэгъуэщІхэри. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэ зыми и хэкум и пащхьэ щІиІэ жэуапныигъэр зыхихщІэу, и къэкІуэныр хуэлажьэу щытыпхъэщ. Жыджэрагъ, ерыщагъ, жэуаплныигъэ тхэлъу дэтхэнэри ди Іэнатіэ дыпэрытмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъри зэрызедгъэужьыфынур си фІэщ мэхъу.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Бахъсэн щІыналъэ

ТекІуэныгъэм и лъэс зекІуапІэ

лэгъуалэри, сабий зи гъуэсэ адэ-анэхэри.

«ТекІуэныгъэ» зи фІэщыгъэ лъэс зекІуапІэм цІыхубэм гукъыдэжрэ гуфІэгъуэрэ кьахудэкІуэну ди гуапэщ. Мы щІыпІэр ирехъу, хуэжьдэсхэм я мызакъуэу, къыпхуэкІуэ хьэщІэхэми я нэгуэныжьыпІэ, я зыплъыхьпІэ», - жиІащ Бахъсэн район администрацэм и унафэщІ Балъкъыз Артур.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Вагъуэудз

● Адыгэ псалъэзэблэдз

ЕкІэухыр: **10**. И щыкъум хэс цІыхухъу. **12**. ІэлъэщІ лІэужьыгъуэ. **13**. Удзыжь тхьэмпабгъуэ. **14**. ХьэщІэныщым щыщ, нэхъыжь Іыхьэ. **15**. НысащІэр плъагъун щхьэкІэ уагъэт пщІэ. **17**. Ущыжейм узытхьэлэу, узыкъуэу кьыпфІэщІ. **19**. ШырыкъущІэ Іэмэпсымэ. **22**. Кьуэш егъум кьыпхуимыщІэр кьыпхуэзыщІэ. **23**. Нартыхум кьыхащІыкІ шхыныгъуэ. **24**. Зи бгъуэм фІыуэ хуущІащ. **25**. Адыгэхэм нэгъуэщІу кьызэрыдэдж. **29**. ПшахъуэщІыр зи псэупІэ Іыхь. **30**. МафІэдз щащІкІэ къагъэсэбэп. **33**. Зьэцэпэщэ къэкІыгъэм ищІ. **37**. ПсэупІэ. **38**. Адыгэ уэрэдыжь. **39**. Фочышэм щыщ Іыхьэ. **41**. ЖыІэр кьыхимыгъэкІыжІауэ зыгъэзащІэ. **42**. Егъэлеяуэ тхьэусыхафэ гъэшын. **43**. ЛэжьыгъэфІым пэкІуэу ят тыгъэ. **46**. Псыхуафэ пэгъунэгъу бгы. **48**. Кьамыл кьащІыкІ щІыпІэ. **49**. И щхьэІуэм нэсу зэрыт. **50**. Вьетнамым щэжэх псы. **51**. Урысым астрэ жыхуиІэ удз гъэгъам адыгэбзэкІэ зэреджэр. **52**. Гъавэ. **56**. Іуэхум ерыщу пэщІэт. **60**. Гъавэ щІапІэхэм кьащІыкІ удзыжь. **62**. Азов кьалэм адыгэхэр зэреджэу щытар. **64**. Хадзэкі. **65**. Хъуми бзыми щымыщ. **66**. МафІэ зыхэлъ фІамыщІ тыкъыр. **67**. Унэ лъэгум щыщ Іыхьэ. **68**. БэдыноКъуэ и бжьэм хагъэтІысхьа хьэпщхупщ. **72**. Азие Гъунэгъум щыпсэу лъэпкъ. **74**. Зы унагъуэу зэдэпсэу зэрыльху-зэрыпІ. **75**. Уи гум зыщигъэпсэху, тыншыгъуэ щигъуэт дакъикъэ. **76**. Налшык пэгъунэгъу кьужажэ. **77**. Нарт хъыбархэм хэт лІыхъужь. **81**. Іэщэ. **82**. Щыгъын зыщ. **84**. Зи гуфІ иримыкъуа аргъынэ. **86**. Таурыхъхэм хэт цІыху абрагъуэ. **89**. Куэдагъэуэр Іузыгъэщт. **90**. Бжэр зэрагъэбыдэ. **91**. Алэрыбгъу зэІузыщэ.



Къехьу: **1**. ИвэщІэжьпэху кьэкъуэлъа псыр зэрыхьу. **2**. Хьэжьыгъэ пыдзахуэ. **3**. Люцернэм адыгэбзэкІэ зэреджэр. **4**. Бжэным фІыуэ ильагъу удз. **5**. ХъумакІуэ. **6**. ПхъэІащэм дитхъуа. **7**. Дыгъэ зытримыдзэ щІыпІэ. **8**. Ар пльагъмэ, тхьэм уэзрелъэІу псори кьыпхуищІэу жьхуаІэ. **9**. ЖьпІам кьыпэджжэ макъ. **11**. Зыгуэрым дэщІыгъу. **13**. Ди дэж щыпсэу жыртэр зэрыщэджэ. **16**. И Іэнатіэм щыщапхъэ цІыху. **18**. Щхьэ гъэщхьыкІэ. **20**. Хадзэкі. **21**. Іэщым щымахуэм хуагъэтІыпІ. **26**. Ар кьыщІескІэ уэзрысым уимыкІ, жаІэ. **27**. Ди бзэ зыІурымыльъ цІыхум адыгэр зэреджэ. **28**. ТепІэнащІэльъным щыщ. **31**. Щтачымэрэ жырымрэ зэщщхьпхъэмэ къыдих. **32**. УиІэм щыхьымыгъэщІыніа хуей зэман. **34**. Унагъуэ псэущхьэ. **35**. Индием щыІэ кьалэ. **36**. Гуахьуэпэм фІалъхьэ бжьакъуэ. **40**. Нур куэд зыдз. **44**. Щхьэкум кьранэу щыта щхьэц Іэрамэ кІыхь. **45**. Адыгэ унэцІэ. **46**. Кьэуат зыщІэлъ. **47**. ФІыуэ пІуэтмэ, щабэ хъуж. **52**. Хьэ лъэпкъ. **53**. Гъуэгугъэльъагъуэ, япэ ит. **54**. ЦІыхухъуцІэ. **55**. Сосрыкъуэ и адэм и Іэщ Іагъэр. **57**. МазэщІэ. **58**. Зэуэ зызыІэт бгы, зыщэкІыгъуей. **59**. Адыгэ лъэпкъ. **61**. Лэжьэн зи жагъуэ. **63**. Зэпымыууэ фІэгъэнапІэ лъыхъуэ. **67**. Ди щыпІэм узыщрихьэлІэ бзу цІыкІу. **68**. Мыхуэжауэ гъэ техьа мэл. **69**. Абгуэм кьранэ джэдыкІэ. **70**. ЖьэкІэ псоми ятекІуэ. **71**. Хьэрып кьэрал. **73**. ЦІыхум и дахэгъуэ, и фІыгъуэ, и кьару ильыгъуэ. **78**. Шхын зэрызэрахьэ. **79**. Хадзэкі. **80**. Жэщ блэкІам щхьэкІэ пщэдджьыжьым жаІэ. **83**. Унэ щІыхьэпІэ. **85**. Ханты-Мансийск щэжэх псы. **87**. Пасэм унащхьэм трабгъэу щыта кьэкІыгъэ. **88**. ЦІыхубзым зэрызигъэдахэ хьэпшыпІ цІыкІу.

КъБР-м и Къэралыгъуэр илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу

Дахагъэр зи IэрыкI

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунеипсо Адыгэ Академием и академикIуэ щыта Балъкъэр Фоусэт адыгэ лъэпкъым и япэ цIыхубэ усакIуэщ.

БАЛЪКЪЭР Фоусэт Гъузер и пхъыр Бахъсэн районым хыхьэ Кыщпэк (Тыжьей) къуажэм 1932 гъэм гъатхэпэм и 27-м къыщалъхуащ.

Къуажэ школыр къиуха нэужь, Налшык щыIэ педтехникумым заочнэу щIэтIысхьащ аз, езыр зыщеджа школым егъэджакIуэуи увыжащ. Къуажэ советым и депутату хаха нэужь, секретарь Iэнатlэр къратащ. 1948 - 1950 гъэхэм КъБАССР-м и Министрэхэм Советым соцкультурэмкIэ чэнджэщгъэнъуу щытлъэкIащ. 1950 - 1957 гъэхэм Старэ Крепость дэт курыт школ №96-м щригъэджащ.

И псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдэхэр илъэс куэд хъуауэ цIыхубэм яIурылъ Балъкъэр Фоусэт литературэ творчествэр зи Iэщlагъэу абы ирилэжьа япэ адыгэ цIыхубэт. Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым и тхыдэ-филологие факультетым заочнэу щеджэхурэ еплIанэ курсым нэсауэ, Горький Максим и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтым зригъэдзыжри, 1957 - 1960 гъэхэм абы щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ. Ар 1960 гъэм къыхуари, илъэсыблкIэ игъэззэщащ «Iуащхьэмахуэ» журналым критикэмрэ драматургиемкIэ и къудамэм и редактор лэжьыгъэр. 1967 - 1970 гъэхэм ар КъБКъУ-м и аспирантурэм щеджащ. И диссертацэм и темэу щытащ «Къэбэрдей драматургиер зэрызэфIэувар». ИужькIэ «ЩIэныгъэ» обществэм и лектору, 1971 - 1978 гъэхэм Фоусэт Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэкъэухтакIуэ институтым и лэжьакIуэ нэхъыжьу щытащ.

Балъкъэр Фоусэт и япэ тхыльыр 1958 гъэм дунейм къытехьащ. Абы кьыкIэпыкIуащ тхыль 30-м щIигъу, адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ Налшык, Москва щытрадзауэ. УсакIуэм тхыль щэщIым щIигъу къыдигъэкIати, щытхъу яIащ, цIыхухэм дзапэ уэрэду къахуэна куэдым и псалъэхэри абы ейщ. УсакIуэм и Iэдакъэщ1кIхэм щыщщ: «Уафэр хьэздыкI», «ЗэгуакIуэр дахэщ», «Ноби щапхъэщ а лIыхъужьхэр», «Си уэрэдым кьыдежьу», «Гугъэм и лъэрыгъ», «Дыгъэ бзийр си пшынэ Iэпэу», «КьыхъэугуфIэ», «НыбжьэгъуIэ», «Уэрэдыщ1э», «Хамыгъэщ1эфа лъагапIэ», «Усыгъэхэр. Тхыльитlу», «Капля солнца», «Самое сокровенное», «Дочь Кавказа», «Горный напев», «Струны сердца», «Вышиваю небо», «Песня на скале», «Ищу тебя, отец», «Ожидание чуда», «Новая песня», «Стремя мечты», «Зари хрустальный звон», «Серебряное кольцо», «Узоры мыслей», «Любовь и доблесть», «Поэмы и баллады».

Фоусэт и усэхэмрэ поэмэхэмрэ бзэ куэдкIэ зэрадзэкIащ. Ахэр фIыуэ щалъэгъуащ ди щIынэ лъэм и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэхэми. Фоусэт и усэхэм хъыщ1кэ щ1ыхухэм я гупсысэр, я псэукIэр, я Iуэхущ1афэхэр. Абы и усэ 70-м нэблагъэм макъамэ щ1алъхьащ. Ахэр Венгриеми, Болгариеми, Тыркуми, Сирием, Иорданием, Германием, США-м щагъэзащIэ. Хельсинки щекIуэкIа дунейпсо Iуэрыпуатэ фестивалым Тхьэбыслъ Умар макъамэ зыщIилъхьа, Фоусэт итха «Фыуэ слъагъум сыкъыдофэ» уэрэдым япэ саугъэтыр къыщыхуагъэфэщауэ щытащ. Финляндиеми щыпсэухэм иджыри ар нэхъыфIу ялъагъу уэрэдхэм ящыщ зыIуэ жаIэ.

«Крестьянка» журналым 60 щIигъужа фIыщIэ тхыгъэмрэ. Абы иттт: «Фоусэт лъапIэ! Уэ, дауи, тхыгъэфI куэд уиIэщ, ауэ «Гъатхэ жэщхэм умыжей» усэм фIэкIа нэгъуэщI зыри умытхами, усакIуэ къыпфIащыну пхуэфащэт». Фоусэт ар къыщыIэрихьэм, «Самое сокровенное» зыфIища и усэ тхыльыр Йожеф хуигъэхьри, щIэхщ1ахьыр зэхуэтхэ хуауэ. Венгриеми къыщыдзкI «Не Лапиа» журналым Балъкъэр Фоусэт и усэхэмрэ абы теухуа тхыгъэрэ Йожеф кьытрыригъэдзащ, уэрэдхэр щыз3хуэхьэсауэ Будапешт къыщыдагъэкIа тхыльым макъамэ зыщIалъхьа «Гъатхэ жэщхэм умыжей» и усэри хагъэхьащ. Йожеф щIыхуагъэ къыхуэхъуа адыгэ усакIуэр и лъэпкъэгъу щIэджыкIакIуэхэм нэхъ гъунэгъуу яригъэщIыхун папщIэ Венгриеми ирегъэблагъэри, гуапэуи къыIуIат. Фоусэт къыщежьэжьым, «До свидания, венгры» усэр итхащ. Апхуэдэу усэм лъэкIат къэралитIым щыпсэухэр зэриушIэну.

Гъэжьагъэ купщIафIэ къэзыхьэлIа, дахагъэр зи IэрыкIыу щыта Балъкъэр Фоусэт и цIэр лъэпкъ усыгъэм къыхэнащ, и усэхэм, уэрэдхэм, пьесэхэм тхыльеджэхэр, макъамэ зыфIэфIхэр, и лэжьыгъуэр щIэх-щIэхыуэ ироплъэж.

Балъкъэр Фоусэт СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым 1959 гъэм хагъэхьащ. Щ1ыхь зыпылъ къалэн и хэкум, и лъэпкъым зэрыхуищIам кьыпкIуэу Балъкъэр Фоусэт кьыхуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ» цIэ лъапIэр, РСФСР-м и Тхакlуэхэм я союзым и Къэрал саугъэтыр.

2009 гъэм дунейм ехыжа Балъкъэр Фоусэт и цIэр лъэпкъ усыгъэм кьыхэнащ.

АРЦЫДАН Дахэнагъуэ.

Зи IэщIагъэм хуэпэж

Урысей Федерацэм и цIыхубэ артистэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артистэ, Къэрал саугъэтым и лауреат, ЮНЕСКО-м Гъуаздджэмрэ щэнхабзэмкIэ и дунейпсо советым хэт Гъэсашэ Наталье куэдым фIыуэ ялъагъу уэрэджьыIакIуэ цIэрыIуэхэм ящыщщ.

КАВКАЗ Ищхъэрэм ГъуаздджэмкIэ и къэрал институтым уэрэд жьIэныжьмкIэ и кафедрэм и унафэщI, профессор Гъэсашэ Наталье кьыхаха Iэщ1агъэм и щ1ухуэм хигъэгъуэзэ студентхэм я гъэзугъэльагъуэ, щIэныгъэ унафэщI куэдей мыхьуу, лъэныкъуэ куэдкIэ щапхъэ яхуохьу. Зи IэнатIэм жэуаплныгъэ ин пылъу, гу къабзэрэ псэ хьэлэмкIэ илъэс щэ ныкъуэм щIигъуауэ бгъэдэт егъэджакIуэр дэтхэнэ и зы гъэсэными и зэфIэкIэхэр кьэлъыкуныкмкIэ, зригъэужьыныкмкIэ доIэпыкъу.

Куэдзытхьэкъуа макъ тельыджэ зиIэ, зыхилъхьэ щымыIэу зи лэжьыгъэр фIыуэ зыльлъагъ бзылъхугъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и музыкэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэхэр кьэлъытегъэуцуни. Ди щIыналъэм къищIынэмыщIауэ, дуней псом щIэупщIэхэр щиIэу, Iэгуаэрэ удз гъэгъакIэ гъэнщIа концертхэр щызыта Наталье нэгъуэщI щIыпIэхэми щыщIэрыIуэщ, пщIэм къыщыхуащI.

Лъэпкъ гъуазджэм и гуащIэу къалъытэ бзылъхугъэм и гъэузгунэр Iэхъущ1афэ куэдкIэ, зекIуэ бжьгъэнщэхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ. Ар щыIащ Мароккэм, Алжиры, Тунисым, Ливием, КъуэкIыпIэ, Курыт Африкэм и къэралыгъуэхэм, Иорданием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Канадэм, нэгъуэщI щIыналъэхэм. Гъэсашэм дунейр кьыщыдзэхикIухьар зэман ткIийт: къэралым икIыну хуитыр зырызт, апхуэдэхэри гугъу ирагъэхьырт - зы мэскъалкIэ шэч кьыхуащIамэ, я нэхъ мащIэу я гъузгур кьызэпаупщIынут.

- Зыкъыщыдгъэлъэгъуэну дызрагъэблагъэ къэралхэм я лъэпкъ уэрэдыжь кьэзгъуэту я бзэкIэ зэзыгъэззэщIэным сыхущIэкъут сыт щыгъуи. Ар Iуэху тыншу схужьIэнукъым, ауэ бысымыр абы зэрыщIигуфIыкIынур сщIэрти, гугъуехьри кьысфIэIуэхурэгъэкIыр, - игу кьегъэкIыж Наталье. - УэрэджьIакIуэм лъэпкъым хуищI пщIэ лъагэм и Iэмалыфlщ ар. Уэрэдыр кьэплъыхьуэу кьэбгъуэтыныр Iуэхутэкъым, зэбгъэщIэнырт нэхъ хьэлъэр. Африкэр лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ гуэшауэ зэрыщытым кьыхэкIыу, диалект зэщхьэщыкIныныгъэ инхэр щыIэт. Ауэ, дауэ мыхъуми, ар ззэгъэхъулIэрт.

Гъэсашэм игъэзащIэ лъэпкъ, урыс, хамэ къэрал композиторхэм я оперэхэм щыщ ариехэр, уэрэдхэр фIыуэ зылъагъу цIыху мин бжьгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ кьищынэмыщIауэ, Европэм, Хьэрып къэралхэм, Латин Америкэм куэду щопсэу. Дунейпсо классикэ лэжьыгъэ нэхъыфIхэм ящыщу Гъэсашэм нэхъ кьехуулIэрт Верди Джузеппе и «Травиата», «Риголетто», «Сицилийская вечерня» оперэхэр, Кальман, Штраус, Легар, Оффенбах, нэгъуэщIхэм я опереттэхэм щыщ арие цIэрыIуэхэр. Зи зэфIэкIым хэзыгъахьуэу кьекIуэкIа, зыми хэмыгъуащэ уэрэд гъэззэщIэкIэ гукъинэж зиIэ Гъэсашэм и лжьыгъэм кууу зэрыхищIыкIымрэ абы Iуэху бгъэдыхьэкIэ хэха зрыщIэмрэ щыхьэт тохъуэ уэрэджьIакIуэхэм я зэпеуэхэмрэ фестивалхэмрэ иригъэкIуэну е къэпщIытакIуэ гупым я унафэщIу щытлъэхъ, дунейпсо гъуазджэ зэхьхьэ гуапэхэм зэрырагъэблагъэр, ахэр и цIэкIэ къызэрызэрагъэпэщыр. Апхуэдэхэщ «Молодые голоса Кавказа», «Конкурс военно-патриотической песни», «Звездопад», «Орфей», «Виртуозы XXI века» зэпеуэхэр, нэгъуэщIхэри. Наталье хуэдэхэрщ зи Iэщlагъэм Тхъэм кьыхуигъэщIауэ кьалъытэхэр.

- Натальерэ сэрэ зы зэманым курыт еджапIэм дыздыщIэсащ икIи ильэс щэщI хъуауэ дызэрогъэныбжьэгъу. Консерваторэ нэужьым ильэс зыбжанэкIэ абы утыкур игъэбжьыфIащ. Институтым и студентхэр уэрэд жьIэным и щэхуэхэм иджыпсту хегъэгъуазэ. Ар зи Iэнатlэм жэуаплныгъэ ин пылъу бгъэдыхьэ, зи Iэщlагъэм хуэIэижь икIи абы хуэпэж лэжьакIуэщ, - жеIэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артистэ Даур Иринэ. - Натальерэ сэрэ Франджым, Германием, нэгъуэщI къэралхэм дыздэщыIэну кьыззэрытхуиуар сигу кьинэжащ. Ар гъуэгур кьыбдзэзыгъэпсынщIэ, хъыбар щIэщыгъуэ куэдкIэ кьэбдэгуашэ, щIыуэпсыр фIыуэ зыльлъагъу цIыху гъэщIэгъэнщ. Зи дахагъэр мыкIуэщI Наталье узынщагъэ иIэну, фIыуэ щыIэр кьеХуулIэну сохъуэхъу!

Гъэсашэр къэзыухъурейих и Iыхьлъхэм, благъэхэм, лэжьыгъуэхэм я дежкIи щапхъэщ1ащIэр фIыуэ зэрильагъуакIэ, ихьэщ1ащIэр дахэхэр зэрыхьэлъымкIэ, и гу къабзагъэмкIэ, сыт щIыгъуи гушыIэ дахэрэ гукъыдэжрэ зэрыдалъагъумкIэ. Наталье и ныбжьэгъу, лэжьэгъу куэдым кьыхагъащ ар зыпэрыхьэ дэтхэнэ Iуэхугъуэри кьызыхуэтыншэу зэрызэфIихыр, ьхэщIэ фIыуэ зыльлъагъу унэгуащэ гуапэу зэрыщытыр.

КъБР-м и музыкэ гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ Гъэсашэ Наталье хуищIа хэлъхьэныгъэхэр кьалъытащ. Абы мызэмытIэу кьыхуагъэфэщащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я щIыхь тхыльхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и медалыр, Дунейпсо Арт комитетым и «Человек-легенда» щIыхьыщIэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

ЩIыхубэ артист

Дирижёр, композитор, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и симфоние оркестрым и дирижёр нэхъыщхьэу икIи и художественнэ унафэщIу, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу щыта, республикэм и Жылагъуэ палатэм хэта Темыркъан Борис Хьэту и къуэр къэзыцIыхуу щытахэм ящыгъупщэркъым.



ТЕМЫРКЪАН Борис Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм 1937 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м къыщалъхуащ. Къэбэрдей уэрамым тет сабий гъэсапIэм пэмыжьыжьэу иIэ парк цIыкIум макъамэ Iэмэпсымэхэм щIэх-щIэхыурэ щеуэ духовой оркестрыт Темыркъан зэкъуэшхэр - Борисрэ Юрэрэ - макъамэм дезыгъэхьахар. Абы и репетицэхэмрэ концертхэмрэ кIэрейт зэкъуэшитIыр. Макъамэм дихьэха щIалитIым гу кьалъыэзыта, Музыкэ школым и егъэджакIуэ икIи абы и оркестрым хэт Дашков Валерэ и фIыгъэкIэ Борисрэ Юрэрэ Налшык и Музыкэ школ №1-м 1946 гъэм щIэтIысхьащ. Лобач-Жученко Николай и деж Борис виолончелым зыщIыхуигъэсащ. Юрэ скрипкэм хуэзыгъэджар Дашков Валерэщ.

КъБР-м и къэралыгъуэр зэрызэрIэуварэ ильэс 30 щрикъум ирихьэлIэу, 1951 гъэм фокIадэм и 1-м республикэм щекIуэкIа концертым япэу зэгъусэу зыкъыщагъэльэгъуащ Темыркъан зэкъуэшхэрэ фортепианэ ещ Бэрсокъуэ Еленэрэ. Шейбер Трувор кьыгъэщIэрэщIэжа «Нэкъуэлэн» макъамэ пьесэр абыхэм утыку къаркьауэ щытащ.

Музыкэ школыр кьиуха нэужь, Борис и щIэныгъэм щыпищащ Орджоникидзе (иджы Владикавказ) къалэм. ИужькIэ Саратов консерваторэм щеджащ. Юрэ и щIэныгъэм Ленинград къалэм (иджы Санкт-Петербург) щыхигъэхъуащ.

Консерваторэр кьиухыу Налшык кьыигъэзэжа нэужь, Темыркъан Борис щIынальъэм и оркестрым хэту виолончель еуэу щIидзащ. А зэманым абы дирижёр Iэщlагъэми зыхуигъэсащ. 70 гъэхэм икуэм Борис Ленинград къалэм оперэмрэ балетымкIэ и театрым, Мусоргский Модест и цIэр зезыхьэм, зы илъэскIэ дирижёр-стажёру щыIащ. Абы щагъэува спектакль зыбжанэм я макъамэр зыгъэззэщIа оркестрым и дирижёру щытащ ар. Апхуэдэхэщ Адан Адольф Шарль и «Жизель», Шостакович Дмитрий и «Барышня и хулиган» балетхэр, Глюк и «Ифигения» оперэр. ИужькIэ Борис дзыхь кьыхуащIащ американ композитор Митч Ли и «Человек из Ламанчи» мюзиклыр. Дирижёр щIалэм дежкIэ пщIэшхуэт а лэжьыгъэр къыззэрыхуагъэфэщар. И стажировкэр и кIэм щынэблагъэм, Ленинград оперэмрэ балетымкIэ и Театр щIыкIум дирижёру щылэжьэну къыхуагъэлъэгъуащ Темыркъаныр.

Борис Налшык къыгъэззэжа нэужь Музыкэ театрым щигъэуващ Верди Джузеппе и «Травиата» оперэр, Кальман Имре и «Сильва» опереттэр, Штраус Иоганн и «Летучая мышь», Асафьев Борис и «Бахчисарайский фонтан» балетыр, нэгъуэщIхэри.

ИужькIэ абы щIыналъэм и симфоние оркестрыр игъэлажьэу щIидзащ. Темыркъанар абы и дирижёру 1975 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м япэу концерт итащ. Абы щагъэззэщащ Чайковский Пётр и 5-нэ симфониер, Рахманинов Сергей фортепианэм папщIэ игъэхьэзыра 2-нэ концертыр. УэрэджьIакIуэр Москва щыпсэу пианистэ цIэрыIуэ Махмудовэ Тамилэт. Концертым кьрихьэлIэхэм лэжьыгъэхэр щIэщыгъуэ ящыхьащ.

Темыркъан Борис и симфоние оркестрэм хэтт скрипкэм Iэззу еуэ Школьниковэ Неллэ. КъищынэмыщIауэ, ар Урысейм и кьалэ зэмылIэужьыгъуэхэм, Армением, Украинэм, нэгъуэщI къэралхэми я симфоние оркестрэми ирагъэблагъэурэ ядэлэжьащ. Къабащтэмэ, Новгород Ищхъэрэм и симфоние оркестрым и Iыуэсу Темыркъаным ита концертыр, скандинав композиторхэм я лжьыгъэхэр щагъэззэщIар, а къалэм и щэнхабзэ гъащIэм щыщ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу кьалъытауэ щытащ. А концертым хэтащ Европэм и пианист нэхъ щIэныгъэм щыщ Керер Рудольф. Дирижёрым фин, дунейпсо маскьаэм и классик Сибелиус Ян и япэ симфониер зэригъэззэщIар хуабжьу кьехьулIауэ кьалъытащ.

Дирижёр, композитор Iэзэ Темыркъан Борис зыкъыщигъэлъагъуэ щIыпIэхэм гъэ къэси зиубгъуурэ кьекIуэкIащ. Абы и репертуарым хэтащ Европэ, урыс классикэм, иджырей композиторхэм я лжьыгъэ куэд. Темыркъаныр Шостаковичыр Шостаковичыр я симфоние оркестрым и дирижёру щытащ. НэхъыфIу ильагъу лжьыгъэхэм ящыщт Прокофьев Сергей и 1-нэ, 5-нэ, 7-нэ симфониехэр. Борис и фIыгъэкIэ Налшык япэу щызэхахащ дунейпсо маскьаэм и курыкIу къалытэхэм ящыщ, Верди Джузеппе и «Реквием», Моцарт Вольфганг и «Реквием» лжьыгъэхэр.

Темыркъан Борис и нэIэтет зэпыту щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и композиторхэм зегъэужьыныным, я зэфIэкIым хагъэхъуэным. Абы и концертхэм хигъэхьэрт ди композитор цIэрыIуэхэу Балэ Мухьэдин, Къардэн Хьэсэн, Хьэлупэ Джабрэ1ил, Къззан Асльэнджэрий, Молэ Владимир, Даур Аслъэн сымэ, нэгъуэщIхэми я лжьыгъэ купщIафIэхэр. Темыркъан Борис зи унафэщI оркестрым и концертхэр куэдым гунэс ящыхъурт, дэрэжэгъуэ кьаритырт. Къэбэрдей-Балъкъэрым и композиторхэм я Iэдакъэщ1кIхэр зыхэт программэ абы зыбжанэрэ Черкесск, Мейкьуапэ, Карачаевск, Мэзэкъалэ, Минводы щыкIуэм и къалэхэм щигъэлъэгъуащ. Апхуэдэу ди композиторхэм я лжьыгъэхэр абы утыку кьыщрихьащ Москва и «Урысей», Композиторхэм я зэгухьэныгъэм, Чайковский Пётр и цIэр зезыхьэ концерт гъэлъагъуэпIэхэм.

Пльэпкъ макъамэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуищIащ унафэщI, кьызэгъэпэщакIуэ IэкlуэлъакIуэ Темыркъан Борис. Абы и унафэм щIэт симфоние оркестрым хэтхэм адыгэ пшынэкIэ ягъэззэщIну япэ лжьыгъэхэр зэхилъхьащ абы. Борис зэхилъхьа макъамэхэр музыкэ еджапIэхэм, республикэм щекIуэкI концертхэм щагъэззэщIэ. Темыркъаныр и унафэмщIэту Кавказ Ищхъэрэм и макъамэ фестивалыр щызэхащащ. А щэнхабзэ зэхьыхьэхэм Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я композиторхэм я Iэдакъэ кьыщIэкIа лжьыгъэ 40-м щIигъу и оркестрым щигъэзэщIащ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр кьулыкъум щыпэрытами, Темыркъан Борис лъэкI кьигъэнакъым лъэпкъ щэнхабзэм зригъэужьыныкмкIэ. Макъамэм хуищIа хэлъхьэныгъэфIхэр кьалъытэри, абы КъБР-м и Къэрал саугъэтыр, «Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэ» орденыр кьыхуагъэфэщащ.

Темыркъан Борис Хьэту и къуэр 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м и ныбжьыр ильэс 82-м ити дунейм ехьжащ. Абы и гъащIэ псор триухуащ щэнхабзэм хэлъхьэныным. И творческэ зэфIэкIым щIыгъу щIыпкIэгъэзэм, зэпIэзэрыгъэным, псэкIэ кьулейуэ зэрыщытам, гъащIэм къыхиха Iущагъэхэм абы кьыхухьащ жылагъуэм щиIа Iуныдыжьрэ пщIэмрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэж Темыркъан Борис и фэеплIэр сыт щыгъуи цIыхубэм ягу ильынущ.

БЖЬЫХЬЭЛI Роэз.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

СССР-м и композиторхэм я зэIуIэшхуэм хэтщ Къардэн Хьэсэнрэ Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыырэ. *1989 гъэ*

Дунеймрэ уэрэдымрэ ещхь

ШЭДЖЭМ ауэм дэтщ Кулиев Къайсын къыщалъхуа къуажэр. Кавказым нэхъ дахэ дыдэу иIэ щIыпIэхэм ящыщщ ар. Къайсын и деж1э ар адэжь лъахэ къудейтэкъым, и усэхэр къыщежьэ псынэт, тхэну гукъыдэж къезыт къару мыкIуэщIыжт.

Сыт хуэдиз псалъэ дахэ хуагъэша бгыхэм Олимпыр къызэрыунэхуэр! ИтIани абыхэм Кулиевым хуэдэу ятетхъыхьфыр закъуэтIакъуэ дыдэт. Бгыхэм я куэцIым уклыщалъхукIи, ахэр фIыуэ пльагъукIи, абыхэм я Iэгъуэблагъэм къыщызыкIухь дэтхэнэ зы лъагъуэри пцIыкуKи, ахэр усэкIэ пхуэмыгъэфIэнкIи хъунущ, абыхэм яхужьIэнур уи пэкIэ зыми и жьэ кьыжьэдэмыкIауэ. Кулиев Къайсын усакIуэ хьэзыру кьыщалъхуат кьуршхэм. «СыззэрыщIыкIуэр си Хэкум и тепльэ зыкьизыхьм сыкьыичъуреиихьрт - ар лъэщт икIи гумащIэт», - жиIэрт абы. А пльэфэ зэхуэмыдзэжм - лъэщагъымрэ гумащIагъымрэ - абы и лжьэжIэми ущрохьалIэ. Сыт лъабжьэ хуэхъуар абы и талант абрагъуэм, зыми емыщхь и хъэтI нэхум? Е, нэгъуэщIу жьIэпэмэ, сытыт Кулиевым и гъащIэми и тхэкIэми мыхьэнэ нэхъ щызIиэу ибжьыр? Си гугъэмкIэ, пэжым щIэтэкъуэн хуэхъу пкъонитIырщ: тельыджэм ущыгъуфIыкIыныфынрэ гупщIанагъымрэ. Ар Кулиевым и закъуэ къызэIуиха щэхуэкъым, усакIуэу зызыбжьыв дэтхэнэ зыми бэм я пащхь щихь къалэнщ, щхьэж и жэуаплныгъэмкIэ щIэгъэбыдыхьыжауэ. «Сэ пцIы фхуэзупсакъым. ПцIы зымыупсым уэрэд жиIэну хуитщ», - жеIэ езы Къайсыни.

Октябрь революцэм и ныбжьэгъу Кулиевыр илъэс пщыкIуий хъу щалэу ГИТИС-м щIотIысхьри, а зэман дыдэм Литературэ институтым щекIуэкI дерсхэм макIуэ. Абы и фIыгъэкIэ Кулиевым тхакIуэ, усакIуэ, артист щIэрыIуэхэр хуищIауэ. Ауэ, итIани, ар мащIэт, уи лъэхъэнэм екIуэкI гъащIэр кууэ кьэпхуэтэн папщIэ. Езым и лъэIыкIэ щIалэр Дзэ Пльэкъым хагъэхьауэ, парашютист мэхъу. Зауэм ягъэкIуэ нэужьи, сэлэтым и Iэщlагъэ щIэтIысхьым, сытым дежи Лермонтовым и усэ тхылъ цIыкIу илът. Зауэр иуха нэужь, Кулиевым и дамэтелъэр зытрихьжащ, ауэ бэнэн щIигъэтакъым, сыт щхьэкIэ жьIпэмэ, гъащIэр абы кьызэрыгуриуIэр псэхугъуэ кьозымыт бэнэныгъэут:

МэкъумэшыщIэхэм, сэлэтри, усакIуэуи сыщытащ.
Апхуэдизкlэ гуауэ куэд слъэгъуащи, Дунейм илъэс минипщIкIэ сытетауэ кьысфIощI.

Мы сатырхэм нэхъ Iупщу къаГъэлъагъуэ си гугъэщ дунейр кьызэрыунэхурэ усакIуэхэр зытетхьых хабзэ гурыщIэхэр Кулиевым кьызэрилуатэ щIыкIэр. Жьымрэ щIэмрэ. ГъфIэгъуэмрэ гузэвэгъуэмрэ. Пэжымрэ пцIымрэ. Лъагъуныгъэмрэ гужьгъэжьымрэ. Хэт абы зэкIэм ятемытхьхар илъэс мин бжьгъэхэм я кIыхьагъкIэ. Сыт хуэдиз тхакIуэ щыIэ уапеуэн хуейуэ. Гугъущ классикхэм уакъыдэжэну. ИтIани, Кулиевым а «мыкIуэдыжьи Iуэхуэхэр» езым и бзэкIэ къиIуэтэжьфырт:

Си лъэпкъым и напэм ещхьу, Ущытщ, Iуащхьэмахуэ, уардэрэ умылIэжьыну. Дунеймрэ уэрэдымрэ уарещхьщ - Дыкъалъхуи и пэкIэ ущытащ, Дыззрежьэжми гу лъыптэнукъым.

Кулиевыр зыцIыхуа псоми хуэдэу, сэ нэхъ згъэщIагъуэ абы хэлъар дэтхэнэ цIыхуми зэрепсэлъэн бзэ кьызэригъэтыфрат. Мэлыхьуэм бгъэдэсмэ - ар мэлыхьуэт, щIэныгъэлIым епсалъэмэ - щIэныгъэлIт. Ар мэкъумэшыщIэм ещхьу жьIэзыфIэщт, езы щIым кьыбгъэдокI апхуэдэу цIыхум дзыхь хуэщIыфын хьэлыр. Аущ езым и лъэхъэнэм щыIэ щIэныгъэри кьыпкърыщырт, щIэуэ кьежьэ фIы псори зыщIишэу.

Сэ сынасыпыфIэщ. Хуэпасэу зи дыгъэр кьыкIуэкIа си литературэ ныбжьым сэ зэхэсхащ Ахматовэ, Антокольский, Тихонов, Светлов, Кирсанов, Симонов, Смеляков сымэ усэ кьызэреджэр. Хьщ1 гъэхэм утыку кьихьа уэрэдхэм я гугъу сщIыхэрккъым.

Сэ сынасыпыфIэщ. Сэ зэхэсхащ Кулиев Къайсын усэ кьызэреджэр. «Кьеджэн» псалъэм кьиIуатэркъым абы усэр утыку кьызэрырихьэщIыкIэр. Усэ къэс абы макъкIэ щIэрыщIэу кьигъэщIым хуэдэт. Зэм дэ бгым кьех уэсым хуэдэу губжьат, зэм пшынэ Iэпэм хуэдэу хьщIэрт, зэм Iукlэ гуфIэрт, зэм тэмакъыщIэм зыщигъазэу гухэщIт. Ар театральнэ институтым зэрыщеджаратэкъым зи фIыгъэр - езым кьыдалъхуа Iэзагът, утыкум имытыну Iэмал кьэримыту.

Сэ сынасыпыфIэщ. Зэгуэр илъэс пщыкIуплI фIэкIа мыхьу усакIуэм езы Къайсын и усэхэм и анэдэлъхубзэкIэ кьхьеуджажэу щытащ. СщIэркъым а къарур кьызэрысIуэтэнэр, ауэ зыри зэдзэкIын хуейтэкъым, псори кьызэгурыIуэрт. Псалъэхэм я мыхьэнэратэкъым кьызгурыIуэр - гурыщIэхэм я купщIэрат.

«Сэ сызэрыбгырысымкIэ сытым дежи зызгъэщIагъуэрт», - жиIэрт усакIуэм. «Бгырыс» псалъэр мыбдежым «ЦIыху» жьIуаIэ кьахъуэкащIэм хуэбгъакIуэ хъунущ мыхьэнэкIэ. Шэджэм щыщ ЦIыху, ЩIыпIэм щыпсэуэ Iэзэ гуэр... Кулиев Къайсын.

КЪЭШЭЖ Иннэ,
КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат. 1985 гъэ.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар
ТЕКIУЖЬ Заретэщ.

● Ди хьэщІэщым

Къафэм и бзэгъу

Нобэ ди хьэщІэщ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и солистхэ, адыгэ пщащэ тхьэІухуд, и фащэкІи, и дуней тетыкІэкІи адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ бзыльхугъэхэм ящыщ Шэджыхьэщ (Чыл) Марьянэ.

Дахагъэкіэ Тхьэр зыхъуэупса, тхакіуэ цІэрыІуэхэм я Іум Іэфіу телъыр зыхужаІэ адыгэ пщащэм и теплъэрщ Марьянэ ущыІупльэкІэ плъагъур. Нэхъ гъунэгъуэ зздгъэщІыхуэ иужькІэ абы и гуакІуагъэм и мызакъуэу, и гупсысэкІэми, гъэсэныгъэми, дуней еплъыкІэми удахьэх.

***Налшык дэт курыт еджапІэ №12-р къиуха иужькІэ Марьянэ экономико-правовой лицейм юрист Іэщіагъэм щыхуеджащ, къыкІэлъыкІуэу, Кавказ Ищхьэрэм Гъэзджэхэмкіэ и хуэдэ институтым и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ. 2009 - 2011 гъэхэм КъБКъУ-м и «Къафэ» гупым хэтащ (абы щыгъуэ ансамблым и унафэщІыр Атэбий Игорт). 2012 гъэм къыщыщІэдзауэ Пионерхэм я унэм сабийхэр къафэм щыхуигъасэу лэжьащ. Къыкіэлыкіуэ илъэсым «Кабардинка» ансамблым щрагъэблагъэм къызэрымыкІуэу абы зэрыщыгуфІыкІар ибзыщІырхъуэм.*

Щэджыхьэщ и мурадхэм, и Іуэху еплъыкІэхэм ятеухуауэ упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзати, къыджриІэхэр ди гуапэу фи пащхьэ идолъхъэ.

- Марьянэ, къафэм уэзрадихьэха щыкІэм, иужькІэ «Кабардинка» ансамблым уэзрыхьхьам и гугъу къытхуэпщІэжа арат.

- «Кабардинка» ансамблым Иорданием щагъэззэщІа къафэр тету ди анэм видеокассетэ иІэти, зэпыу имыІэу еплъырт, еплъыхукІи, и гур зэрыхэхъуэр умыльагункІэ Іэмал иІэтэкъым. А лъэхъэнэм къыщыщІэдзауэ а «унагъуэ къафэр» сэркІэ щапхъэ, плъапІэ схуэхъуат. Сабий садым сыкІуэу къафэмкІэ гупжьейм сыхьхьэри, къафэм ятэ лъэбакъуэкэр хуэсчащ. ЗэрысщІэжрэ къафэр си Іэпэгъущ. Нэхъ сыкъэжэпхъа иужькІэ «Кавказ пшэпІхъэр» ныбжьыщІэ къафакІуэ гупым сыхьхьащ.

Илъэс 16 сыльуэ арат «Кабардинка»-м сыхагъэхьэмэ сеплъыну сыщыкІуам. Си фІэщи хъуртэкъым сыкъащтэну, ауэ апхуэдизкІэ абы сехъуапсэрти, нэхъыбэрэ зыхуэзгъэжьакъым. Атэбий Игорь а унагъуэ дахэм сыхигъэхьам и мызакъуэу, къафэм и дуней тельыджэм нэхъри сыдригъэхьащ. СэркІэ ар екъуІэнигъэшхуэм и закъуэтэкъым, атІэ дзыхьт. А лъэхъэнэм сымыщІэ куэд къэсщІащ, ансамблым а зэманым щылажьа дэтхэнэми фы гуэр къыхьхьащ, жысІэмэ, сыщыуэнукъым. ИужькІэ, пІалъэ гуэркІэ ансамблыр къэзгъэзэнэн хуей хъуами, 2013 гъэм къэзгъэззэкуэу сыхэтщ.

- Зэ нэхъ мыхъуми утыкум уиту зыльэгъуа дэтхэнэми уэркІэ къафэр лэжьыгъэ къудейуэ зэрыщымытыр къыгурыІуэнущ.

- Пэж дыдэу гу лъыптащ. Къафэр си дуней еплъыкІэщ, лъагъуКІэщ, си хьэлщ, си гъащІэщ жысІэмэ, езгъэлеинуукъым. Ар хэмыту си гъащІэр си нэгу къыскъущІэгъэхьэркъым.

Къафэр лъэпкъым и псэщ. Ар псом хуэмыдэу хьэкъ сщохъу гупыр дыщежьэхэм и деж, хамэ къэрал утыку дыщихьэкІэ. Псом япэраущ, дыкъызыхэкІа лъэпкъым и щэнхабзэрщ, хабзэжьхэрщ, гъэсэныгъэрщ дгъэлъагъэр. Абы жэуапльныгъэшхуэ ди пащ къыделъхьэ, ауэ ар дэркІи пщІащ.

- Къафэм къэс и щІагъыбзэ щІэлъыжщ. Уэ уи щытыкІэр, гупсысэкІэр сыт хуэдэ къафэ лІэужьыгъуэхэра къэзыгъэльагъуэр?

- Къафэ псори дахэщ, ауэ, шэч хэмылъу, цІыху къэс еэым нэхъ пэгъунэгъу, зыкъыщицІыхьуж лІэужьыгъуэхэр щыІэщ. СэркІэ апхуэдэщ гупсысэ пыкъыкІэ зыщІэлъхэр е дыкъэзыухъуреихь дунейм къытращІыкІа къафэхэр. Си гур лъэтэным хуэдэщ ахэр щызгъэзащІэкІэ.

- Къафэм и бзэм и дахагъым хуэдиз и гугъуагъщ, ауэ щыхъукІи, аращ абы ущІыщІэпишэр. Къафэм и дунейм сыт нэхъ къоргуГуэкІыу хэлъыр?

- Уэахуэщ, къафэм и бзэр къызэрымыкІуэу гугъущ. Куэд дыдэ елъытащ укъызэдэфэм. А бзэр къэфакІуэхэм я закъуэкъым къызыгурыІуэн хуейр, ар еплъхэми «гъэнэщІкІуэ» лей хэмыту зыхащІэн, ялъагъун хуейщ. Къыхэзгъэщынут къафэм и лІэужьыгъуэхэм сэ згъэззэщІэну къызэхьэлъэкІ зыри зэрахэмытыр.

Къафэм и бзэр фащэщ, фащэр зипкъ илъ псомкІи бзэгъу яхуэхъуркъым.

- Зы унагъуэ дахэшхуэу псэу «Кабардинка» ансамблым уи гъащІэм щиубыда уныпІэм и гугъу къытхуэщІыт.

- Нэхъ ипэкІэ зэрыщыжысІащи, «Кабардинка»-р унэ, унагъуэ етІуанэ схуэхъуащ, нэгъуэщІуи щытыфынукъым. Си закъуэкъым, псори зы унагъуэшхуэм хуэдэу дызэгурыІуэрэ дызэдэІуэжу дызэхэтщ. А унагъуэр игъэдахэрэ зэгурыІэуэу илъэс куэд щІауэ и нэІэ щІэтщ ди унафэщІ Іэзэ Атэбий Игорь. Абы ансамблыр ФІыуэ дигъэлъагъуам и мызакъуэу, ар ди гъащІэм къыпхуэхэмычыжьыну хиящ.

- Беягъэ псом я щхьэу уиІэ унагъуэ дахэр, укъызыхэкІахэр дыбгъэщІыхуамэ арат.

- Си дежкІэ псом ящхьэр си унагъэрщ. Си щхьэр лъагэу сэзыгъэзэтыр ахэращ. Сэ бным сранэхъыжьщ, хъыджэбзитІрэ щІалитІрэ дохъу. Сэ фІы схэлъмэ, зи фІыщІэр си адэ-анэрщ, адэшхуэ-анэшхуэхэрщ. Абыхэм къарууэ къытІтрагъэкІуэдамрэ гугъу къызэрыдекІухьамрэ сэ куууэ щызыхэсщІар езыр унагъуэ сыхъуу, бын къысщІэхъуа иужькІэщ.

Ди нэхъыжьхэм къысхалъхьа лъапІэныгъэхэр си унагъуэм зэрысхъыным, си щІалитІым зэрахэспщэным сыхущІокІыу.

- Фыздэщыіа щІыпІэхэм ящыщу нэхъ уиигу къинэжахэм къытхутепсэлъыхьыт.

- ЗекІуэ къэс щхьэхуэныгъэ гуэр яІэщ, шэч хэмылъу, араш ахэр щІэщыгъуэ зыщІыжри. Къэралу дызэдэщІам цІыхухэм икъукІэ гуапэу драгъэблагъэурэ дагъэхьэщІащ. Псом хуэмыдэу Тыркум, Сыбырым дызэрыщІыгъа сигу кьинжащ. Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я псэр тхэлъым ярейуэ хъытпежьат. Гъэгум хуэдэу цІыхур къыщыпцІыху щымыІэу жеІэ адыгэ псалъэжьым. Аращи, ансамблым и ежьэгъуэ къэс нэхъ зэпэгъунэгъу дызэрызэхуэхъур си щхьэкІэ зыхэсщІэрт.

Адыгэхэр я хабзэ дахэмкІэ, зэфІэкІ лъагэмкІэ, цІыхухъумрэ цІыхубзымрэ зэрызэхуэцІытымкІэ, бын зэрагъэсэмкІэ, нэхъыжьхэм хуэщІ щыщІэмкІэ дунейм щыщІэрыІуэщ. Дэ дыкуракъэсащ дэнэ щІыпІэ дыщымыІэми, а лъапІэныгъэ нэхъыщІыхьэхэр тщІэжу ягъэ ящІ.

- Марьянэ, уи щхьэгъусэ Щэджыхьэщ Руслан (къэфакІуэ Іэзэщ, Налшык дэт курыт еджапІэ №2-м географиемкІэ щрегъаджэ) уэрэ иджыблагъэ «Namis» фІэщыгъэм щІэт ныбжьыщІэ къэфакІуэ гуп къызэрызэрегъэпэщам сыщыгъуазэщ. Абы фызэрыгегушхуам, зэрызэзгъэхъулІам щыгъуазэ дыпщІамэ арат.

- Си щхьэгъусэмрэ сэрэ илъэс куэд щІауэ дызыхуэпльа хуэзысапІэр къыдэхъулІащ. Пэжщ, «Namis»-р иджыри гуп щІалэ дыдэщ, ауэ гугъапІэ дахэхэр зиІэщ. ЯпэщІыкІэ къэфэкІэ зезыгъэсэну хуей хэр зэхуэтщэсащ, иужькІэ адэ-анэхэр къедгъэблагъэурэ я бынхэм я ехъулІэныгъэхэр, а цІыкІухэм я утыку итыкІэ дахэр едгъэлъэгъуащ. ИтІанэ ансамбль щхьэхуэ зэхэтшэну дытегушхуащ. Иджыпсту къызэрымыкІуэу лэжьыгъэшхуэ идогъэкІуэкІ, къафэ гъэщІэгъэнхэр догъэув, фащэхэр идогъэд. КъэдхьэулІэмэ, мыгувэу япэ концерт къызэдгъэпэщынущ. Пэжщ, къэфакІуэ гуп зэхэпшэну утегушхуэныр Іэзэу цІыкІукъым, ауэ уи гъэсэнхэм я ехъулІэныгъэхэр щыплІагъуэкІэ, ахэр зытебгъэува ГуэгъуМ щыгуфІыкІыу, нэхъыфІыж зэрыхъунэм зэрыщІэхъэпсэр уи нэгу щыщІэкІкІэ, къиІуэтэжыпІэ уиІэжьым. Сэ фІыуэ къызыгуроІуэ, зэгуэр ансамблыр сэ унагъуэ зэрыхуэхъуам хуэдэу, а цІыкІухэр зыхэт гупым хэзэгъэн зэрыхуейр.

Фащэ дахэ щыптІаГуэ къафэ бгъэзащІэ къудейкІэ ансамблым, къафэм и къалэныр зэрызэфІэмыкІкІыр, атІэ ар цІыхум и гущІэм щигъафІэ дыдэ щхьэхуэу зэрыщытыр псом я деж зэрынэтхъэсыным яужь дитщ. Сэ сыкъыщыфэкІэ си лъэпкъыр зэрыщыту си нэгу щІэтщ, абы и тхьдэр, къыкІуэ гъэгуанэр си гъэщІэ гъусэщ. А къафэм уи псэм щыщ Іыхьэ хуымылъхьэмэ, къафэ къызэрыгуэкІщи, псори дзэзыхьх и мэгъу ящхур щІэлъынукъым. Къафэм цІыхум зыхуигъасэм къыщымыинэу, абы езы цІыхури Іэджэм хуегъасэ. Ар пщІэщ, цІыхьщ, зэхуэщытыкІэ дахэщ. Мис ахэращ ди дежкІэ уиІэ сабийхэр зыщІэтпІыкІыр.

- Марьянэ, ди гуапэщ укъызэрытхуеблагъэр, ансамбль узыхэтри, зэхэфшагъащІэриefIэкІуэну, лъэпкъым уевлэжь Іуэхуэм фыхуэІэпсынщІэу, къыфхалъхьам я нэхъыбІыр фи гуАзэу фыпсэуну си гуапэщ!

Елсэлъар

ЩОМАХУЭ Залинэщ.

Шакъым и япэ текІуэныгъэ

● Футбол

«Интер» (Черкесск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:2 (1:1). ЕсэнтІыгу. «ЕсэнтІыгу арен» - стадион. Накъыгъэм и 16-м. ЦІыхуи 100 еплъащ.

Судьяхэр: Шипков (Белореченск), Сафаров (Дон Іус Ростов), Ежак (Сочэ).

«Интер»: Хьэшыр Т., Баликоев, Кириченкэ, Айвазянц, КІыщ, Нурахмедов, КІыщмахуэ (Мыжей, 79), Къуэдзокъуэ М. (Мостиев, 46), Костров, Лъэпщ, Исаев (Гедиев, 70).

«Спартак-Налшык»: Кьардэн, Сындыкиев, Ольмезов, КІэдыкІуей, Шумахуэ, Къумыкъу И. (Апажэ, 77), Ашу, Пащты, Іэпщащэ, Багъэтыр, ХьутІэ (Хьэшыр А., 67).

Толхэр дагъэкІащ: Нурахмедовым, 39-пенальтикІэ (1:0). Ольмезовым, 42 (1:1). Пащтым, 89-пенальтикІэ (1:2).

Дагъуэ къыхуащІащ: Пащтым, Костровым, Хьэшыр Т., Ашум, Багъэтыр, Сындыкиев, Лъэпщым, Мостиевым, Кириченкэ.

ХЪЫБАР зэрывэдгъэщІащи, Краснодар и «Кубань»-р тхьэмахуэ ипэкІэ Налшык къэкІуауэ ди командэр бжыгъэшхуэкІэ кьыззэрыхигъэщІам «Спартак-Налшыкым» и унафэщІхэм къахуигъэуващ гупым и тренер нэхъыщхьэ КІэбышэ Заур трагъэкІыну. Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым 2020 - 2021 гъэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм курыт зэфІэкІ куэдым ящыщІэльъэгъуэф налшыкдэсхэм зэхъуэкІыныгъэ гуэрхэр ялэн хуейт нэхъ кьызэщІигъэплъэн папщІэ. Апхуэдэ хъун хуейуэ къалъытащ тренер нэхъыщхьэр хъуэжыныр, Іуэхур зэпльытар абы и закъуэу зэрыщымытыр хэти кьыгурыІуэ пэтми. Къалэн гугъур мыгъэрей зэхьэзэхуэр иухыхукІэ зи пщэ ираГьхъа Шакъ Азэмэт гупыр зыгъасхэм яхэтащ, ауэ къулыкъу льагэм щынэсар иджыщ. Дауи, ар хущІэкъуащ зыпэрыува ІэнатІэм екъулІэныгъэкІэ щригъэжьэну. Абы папщІэ хьэрхуэрэгъу телъыджэт зэхьэзэхуэм къыщыкІэрыхуэхэм ящыщ зы Черкесск и «Интер»-р ящыщ къаззэрыпэщІэхуар. Ар хэгъэщІэгъуей хъун хуейтэкъым икІи «Спартак-Налшыкым» щыджэгуэм и гукъыдэжьыр къэзгъэнымкІэ Іэмал гъуэзджэт.

Черкесскдэсхэм яхэтт нэхъапэм ди командэм щыджэгуакэу КІыщ Залым, Хьэшыр Темырлан, Лъэпщ Темырлан, Къумыкъу Мухьэмэд сымэ. Гъуащъэтетхэм я гъэсакІуэт иджыблагъэ а къулыкъу дыдэр «Спартак-Налшыкым» щызыІыгъа Къумыкъу Артур. Абы щхьэкІэ къэмынэу, зэпэщІэтыныгъэр гуащІэ хъуащ.

Черкесск кьалэм и стадионыр зэхьэзэхуэм зэрыхуэмыхьэзырым кьыхэхІыу ди щІалэхэр щрагъэблагъар ЕсэнтІыгу кьалэрращ. «Спартак-Налшыкым» дищІыну абы Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа цІыху зыбжанэ кІуащ икІи зэралъэкІкІэ гупыр трагъэгушхуащ.

Куэд щІауэ Іэнатіэ зэрыщІэм пэІэщІэ «Интер»-м и футболистхэр занщІэу ипэкІэ кІуэтащ. Кьалъытащ Налшык къикІахэр хагъэщІэфынухэм ящыщу. Пэж дыдэу абы пэгъунэгъу хъуат, ЗЗ-нэ дакъикъэм Нурахмедовым метр пщыкІызым и деж щыту зыхэт гупыр япэ щригъэщам.

Арщхьэкіэ черкесскдэсхэр бжыгъэр кьыззэрызэІуэхам зэрыщыгуфІыкІар дакъикъиц кьудейщ. Ди гъуащхьауэхэм ядэІэпыкъуну ипэкІэ кІуэта Ольмезов Артур Іуэхур зэхуэдэ ищІыжащ.

Адэкіэ тепщэныгъэр налшыкдэсхэм нэхъ яІыгъащ. Кьыпщыхъурт мыгувэу ахэр япэ ищыну. Апхуэдэу щыт пэтми, текІуэныгъэр къаухуэзыхьа топыр щыдгъэзекІыфар джэгур щиух дыдэращ. «Спартак-Налшыкым» и капитан Пащты Руслан метр пщыкІызым и деж кьыщыдзыхакъым.

Арати, Шакъ Азэмэт и унафэм щІэту ди командэм иригъэжІуэкІа ялэ зэІущІэр и текІуэныгъэкІэ ихуащ. Дыпэплъэнщ адэкІи дэрэжэгъуэ хъыдатыну.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ялэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ вэсэмахуэ зэхэта зэІущІэхэм къаригъуэ бжыгъэхэм: **СКА** (Дон Іус Ростов) - «**Краснодар-3**» (Краснодар) - **1:1**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **1:3**, «**Форте**» (Таганрог) - «**ЕсэнтІыгу**» (ЕсэнтІыгу) - **3:0**, «**ТІуапсы**» (ТІуапсы) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **1:1**, «**Мэхъэчкъалэ**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **4:0**, «**Дружба**» (Мейкьуапэ) - «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - **0:3**, «**Кубань**» (Краснодар) - «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - **5:1**.

КъыкІэлыкІуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкІуэкІынущ. Накъыгъэм и 21-м абы кьригъэблагъэнущ зэпеуэм кьыщыкІэрыхуэхэм ящыщ «ТІуапсыр».

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ялэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІар

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Кубань-Холдинг»	28	22	4	2	57-19	70
2. «Кубань»	28	22	2	4	69-20	68
3. «Черноморец»	27	17	6	4	42-15	57
4. «Легион Динамо»	27	14	12	1	51-17	54
5. СКА	27	16	4	7	60-25	52
6. «Махъэчкъалэ»	28	11	7	10	41-37	40
7. «Анжи»	27	10	9	8	41-38	39
8. «Форте»	27	10	8	9	46-26	38
9. «Спартак-Налшык»	27	10	7	10	34-31	37
10. «Динамо-Ставрополь»	26	10	5	11	36-39	35
11. «Мэшыкъуэ-КМВ»	27	9	5	13	36-45	32
12. «Краснодар-3»	27	9	3	15	46-46	30
13. «Биолог-Новокубанск»	27	8	6	13	33-45	30
14. «Дружба»	27	5	4	18	22-63	19
15. «Интер»	28	4	6	18	25-71	18
16. «ТІуапсы»	27	4	2	21	33-88	14
17. «ЕсэнтІыгу»	27	3	4	20	23-70	13

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Ныбжьыщ Іэхэм я лэжьыгъэхэр

КъБКъУ-м Дизайнымкіэ и колледжым щагъэлъагъуэ Бахъсэн къалэм Гъуэзджэхэмкіэ и Сабий школым декоративно-прикладной гъуэзджэмкіэ иІэ къудамэм и гъэсэнхэм я сурэт, графикэ, витраж, батик, дыщэдз, щыгъын хьэлэмэтхэр. Зэхьыхьэр иригъэкІуэкІащ Дизайнымкіэ колледжым и лэжьакІуэ Шэнтыку Артур.

ЗЭІУЩІЭМ къыщыпсэльащ Архитектурэмкіэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкіэ институтым и унафэщым и къуэдзэ **Къанло Алимрэ** Бахъсэн къалэ администрацэм щэнхабзэмкіэ и къудамэм и унафэщІ **Бэч Альбертрэ**.

- Бахъсэн къалэм Гъуэзджэхэмкіэ и Сабий школыр къэзухащ икІи дахагъэм япэ лъабакъуэхэр щыхэсча Іуэхущіапіэмрэ абы екІуа-лІэ щыкІыжмрэ я ехъулІэныгъэхэр зэпымыууэ сыкІэльоплІ, срогушхуэ. Сурэтыщ і ныбжьыщІэхэм дэпэкІи фи зэфІэкІым хэвгъэхъуэну сыныбжьхуэхъу, - жиІащ Бэч Альберт щІалэгъуалэм захуигъаззу.

Гъэлъэгъуэныгъэм зыкъэрагъэхьэлІащ Бахъсэн къалэм и щІыпІэ администрацэм и лІыкІуэхэм, КъБКъУ-м Дизайнымкіэ и колледжымрэ Гъуэзджэхэмкіэ сабий школымрэ я егъэджакІуэхэм, еджакІуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ, хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Іуэлъхьэм зэрыпэщІэт Іуэху

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгуэхэм щокІуэкІ «Зы Іуэлъхьэ - щІэпхъаджащІэу тІу» Іуэхур. Ар хуэунэтІащ Іуэлъхьэ тын-кьеІыхьыныр ди гъащІэм хэмытыныр апхуэдэ щІэпхъаджагъэм теухуауэ жэуаплныгъэ зэрахьыр гурагъэІуэнымрэ.

УРЫСЕЙ МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и ОГИБДД-м и лэжьакІуэхэм, Іэнатіэм и унафэщІ, полицым и майор Шыгъушэ Хьэдис я Іэтащхьэу, кьызэрагъэпэща «Зы Іуэлъхьэ - щІэпхъаджащІэу тІу» Іуэхум хэтащ Бахъсэн къалэм сабий творчествэмкІэ и «Успех» центрым и къалэ волонтёр штабым и унафэщІ Пщыхьэщіэ Анжелэрэ центрым и методист ЛІызам Ленэрэ.

ЩІалэгъуалэ зэщІэхьеныгъэм и лЫкІуэхэр автоинспекторэм ящІыгъу Бахъсэн и уэрам нэхъыщхьэхэм техьэри, рулым дэсхэмрэ зыгъасырзекІуэхэмрэ епсэлъащ гъуэгум тетхэм хабзэм къыгъэувкэр яГьэзэщІэну, тезырым пэІэщІэ зэщІым папщІэ Іуэхьэ ятыныр къамыгъэхъуну.

Зэпсэлъахэм ираташ жэуап зэрахьым теухуауэ хабзэм и лъэныкъэкІэ ящІапхъэхэр зэрыт буклетхэр. Абы гупсысэ нэхъыщхьэу пхокІ Іуэхьэ кьеІыхьнымрэ тынымрэ жылагъуэм дежкІэ экономикэ щІэпхъаджагъэу зэрыщытыр.

Къэрал автоинспекторэмрэ волонтёрхэмрэ я мурадщ Іуэхьэм пэщІэтыным ехьэлІа Іуэхухэр адэкІи республикэм щрагъэкІуэкІыну.

БАХЪСЭН Азэмэт.

● ФщІэн папщІэ

ЩІыхуэхэм ехьэлІауэ

Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ Іэнатіэм (УФССП) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ и управленэм «Щыхуэ тельмэ зэхэгъэкІ» зыфІащащ Іуэхум хьихьэу брифинг щекІуэкІащ. Журналистхэм я упщІэхэм жэуап иратащ УФССП-м и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и суд пристав нэхъыщхьэ Бауаев Ахъмэт.

- Суд приставхэм я федеральнэ Іэнатіэм и щІыналъэ къудамэм къыхилъхьащ «Щыхуэ тельмэ зэхэгъэкІ» Іуэхур республикэм щрагъэкІуэкІыну. Сыт хуэдэ мурадхэм тещІыхьа ар?

- Ар къыззэгъэпэщащэм я мурад нэхъыщхьэр щыхуэ зытелъхэм нэхъ пасэу къащІэу ахэр зэрапшыныжьыным и Іуэху зэрахуэныщ.

ЦІыхуэхэм хъыбар ирагъэщІэнущ унафэ зытращІыхьын хуейуэ суд приставхэм яІыгъэхэм ятеухуа хъыбарыр мы официальнэ сайтхэм фІэкІа къызэрыщыпхуэмыщІэнумкІэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ Іэнатіэм и **https://fssp.gov.ru/** интернет-сатым и «Банк данных исполнительных производств» сервисыр, къэрал Іуэхутхьэбзэхэм эмуэ щыт я порталым щыхуэм щиІэ напэкІуэцІыр (личный кабинет жыхуэтІэр), жыпІ телефоным трагъатхэ «Урысейм и ФССП» гуэдзэр, апхуэдэуи цІыхуэхэм Іэхэутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр щыхуащІэ щэнтхэр (МФЦ).

- «Банк данных исполнительных производств» сервисыр зищІысыр сыт, сыт хуэдэ хъыбар абы къыщІэхуэщІэнур?

- Мы Іыхьэм дэтхэнэ зы цІыхуми псынщІэ дыдэу къыщыхуэущІэнущ щІыхуэу еэым телъри, и благъэ-Іыхьлыхэм япшынкІ хуейуэ яІэкІри. Щыхуэ зытелъхэм псомкІи я Іэ-унэІэр къыщыхьащ, ахэр къащІытехуэ щхьэусыгъуэри къыщыпхуэщІэнущ. Ар ГИБДД-м и штрафу, алименту, кредиту, нэгъэщІуэри щытыфынущ. «Банк данных»-м къыщыпщІэфынущ дэфтэрым и номерыр, ар къызыбгъэдэкІа Іуэхущіапіэм и фІэщыгъэр, щІыхуэр зыхуэздизыр, судебнэ приставым и унэщІэмрэ и телефон номерымрэ, нэгъэщІэхэри.

- Щыхуэ тельмэ ттемыльрэ къырипщІэну сыт хуэдэ Іэмал нэхъ тыншу щыІэ?

- Хъыбар тыншу къызэрыпІэрыхьэфыну зы Іэмалщ жыІэ телефоным требгъатхэ хъу «ФССП» гуэдзэр. Мыбы щІыхуэ тельмэ зэ ущепльым къыщымынэу, иужькІэ къыптехуэхэм екъэлІа къыбарегъащІэ къыпІэрыхьэу телефоныр тебгъуэ мэхъу. Абы Іэмал кьует Іуэхум лейуэ зэщІыкІыпщІэну, хъыбарегъащІэр занщІэу къыпІэрыхьэнущ.

- Уи унэ укъыщІэмыкІыу суд приставхэм дауэ уепсалъэ, захуэгъбгъаэ зэрыхъунур?

- ТелефонкІэ упсалъэ зэрыхъунум къыщынэмыщІа, управленэм и «Интернет-приёмная» сайтыр **(http://r07.fssp.gov.ru/)** къэбгъэсэбэп хъунущ.

ФССП-м и къэрал Іуэхутхьэбзэхэр щызыІэрыбгъэхьэфынущ къэрал Іуэхутхьэбзэхэм зыуэ щыт я порталым щІыхуэ щиІэ напэкІуэцІым. ЦІыхуэ щхьэхуэми Іуэхущіапіэм и Іуэху зезыхуэ Іэщіагъэлім сайтымкІэ суд приставым Іэригъэхьэфынущ щІыхуэм ехьэлІа лъэІу тхыльхэр, уи Іуэху еплъыкІэр щыхьэгъэлъагъуэ тхыгъэхэр, ар щІымыпшынынум и щхьэусыгъуэхэр, уэрэмыварэзыхэр, нэгъэщІэхэри.

А псом кьадэкІуэу цІыхуэхэм я упщІэхэм жэуап иратын папщІэ Іуэхущіапіэм щолажьэ телефонкІэ уи упщІэхэм жэуап кьезыт Іэщіапіэм. Псалъэм и хьэтыркІэ, зыуэ щыт телефонщ 8(8662)42-71-60 номерыр, лэжьэгъуэ махуэхэм сыхьэти 9-м кьыщыщІэдзауэ 13 хъуху, 13.45-м кьыщыщІэдзауэ 18 хъуху упсалъэ хъунущ.

Эпидемиологие щытыкІэ гугъур къыдолъытэри, цІыхуэхэр, псом хуэмыдэу зи ныбжь хэкІуэтахэр, къыхудоджэ мы къэдгъэлъэгъуэ Іэмалхэр къагъэсэбэпыну. Ахэр къыщІагупсысар узыгъэпІейтей Іуэхум ехьэлІа хъыбар уи унэ укъыщІэмыкІыу зыІэрыбгъэхьэфын папщІэщ.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ хуэдэщ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:
ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къашокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъан, НэщІэныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщІ Иэ

Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущіапіэхэм ядолжьэныжьмкІэ - 42-60-53; узышІагъэр хъуэныжьмрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехэзэн нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущіапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ

12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ, 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактор* **ЖЬэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.927 ● Заказ №1029